

Sizyèm So A

63-0323

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Ann koube tèt nou jis yon moman kounye a.

2 Seyè, nou rasanble ankò pou sèvis la. E nou panse a epòk, nan jou lontan yo, lè yo tout te konn vin nan Chilo pou benediksyon Seyè a. E kounye a, aswè a, nou rasanble isit la pou tandè Pawòl Ou. E kòm n ap eseye etidye nan sètèn pòsyon Lekriti sa a, ke se Ayo a Sèl ki te ka louvri So yo, oswa delye yo. E nou priye ke aswè a, kòm n ap konsidere gran Sizyèm So sa a, nou priye, Papa nou ki nan Syèl la, ke Ayo louvri L pou nou aswè a. Ke, nou isi a pou konprann Li. E lè pèsòn moun sou latè, oswa nan Syèl la, pat sifi, se Ayo a sèl ki te sifi. Alò se pou Sila ki sifi nèt ale a vini epi louvri So a pou nou aswè a, pou ke nou ka gade pi lwen pase rido tan an. Sa ta ede nou, nou kwè, Papa; nan gran jou tenèb ak peche sa a ke n ap viv ladann lan; sa ta ede nou epi ba nou kouraj. Nou gen konfyans kounye a ke nou jwenn gras devan W. Nou remèt nou, ak Pawòl la, nan men W, nan Non Jezikri. Amèn.

Nou mèt chita.

3 Bonswa, zanmi. Se yon privilèj pou m isit la ankò aswè a, pou m nan sèvis Seyè a. Mwen te jis on ti kras an reta. M te jis ale...nan yon ijans, pou yon nonm ki t ap mouri, yon manm nan legliz sa a; manman l se, oswa frekante isit la. E yo te di ke gason an ap mouri la menm. Alò mwen--mwen t ale pou wè jis yon--yon lonbraj yon nonm ki kouche sou yon kabann, ap mouri, yon nonm apeprè laj mwen. E jis nan yon moman nan tan an, mwen wè yon nonm leve kanpe sou pye l, ap bay Seyè a louwanj. E alò, Bondye, si nou vle konfese peche nou yo epi fè sa ki jis, mande mizerikòd, rele L, Bondye vle epi ap tann pou akòde nou l.

4 E, kounye a, mwen konnen l fè cho isit la aswè a. E--e se...Non, mwen kwè chofaj la fèmen nèt ansanm. E--e nou se...

5 Mwen remake yè swa, oswa jodi a, sa se senkyèm jou m nan yon sal san limyè, jis limyè elektrik, ou wè; ap etidye, epi ap priye Bondye pou louvri So sa yo.

6 E te sitèlman gen moun ki te ekri, nan gwoup kesyonè yè-...oswa kesyon yè swa yo, se te, plis ou mwens, pa otan pou kesyon yo. Se te demann pou gen yon sèvis gerizon, kanmenm; yo te vle nou rete yon jounen anplis, pou gen yon...pou gen sèvis gerizon lendi. Alò mwen--mwen--mwen ta vle fè l, mwen ta kapab, mwen ta kapab fè l an reyalye si sa se te dezi moun yo pou ke yo ta fè sa. Nou ka panse a sa epi fè m konnen, men si nou vle jis rete epi priye pou malad yo.

7 Paske, mwen konsakre tout tan sa a, nèt, a So sa yo, epi mwen mete m apa pou So yo.

8 Kifè nou ka panse a sa, epi priye sou sa, epi fè m konnen. E mwen va fè sa, si Seyè a vle, mwen kapab. Pwochen randevou m se nan Albuquerque, New Mexico, e se va nan kèk--kèk jou ankò. E mwen dwe ale lakay mwen pou kèk zafè, konsènan òganizasyon yon lòt konvansyon nan Arizona. E alò, epi, si se va volonte Seyè a! Priye sou sa, e m va fè menm jan an, alò nou va konnen pi plis sou sa yon ti kras pita.

9 E m jis detekte. Kounye a mwen wè...Lè nou pral pale de maladi, men li k vini, ou wè. Mwen wè dam sa a k chita jis isit la. Si yon bagay pa ede l, li p ap rete isit la lontan. Kifè, donk, ou wè, nou--nou jis priye pou ke Bondye fè l. Se pou sa nou isit la, nou soti byen lwen. Alò, ou wè, Sentespri a--a jis konnen tout bagay, ou wè. Alò Li...

10 Men, ou wè, mwen eseye dedye tan sa a pou So yo, paske nou prepare l pou sa, ou wè. Men si gen yon...

11 Konbyen malad ki isit la, kanmenm, ki vin pou yo priye pou yo? Leve men nou, toutotou, toupatou. O la la! Hmm! Konbyen moun ki panse ke ke sa ta byen, volonte Seyè a, pou rete epi fè sa, pran yon lendi swa, jis pou priye pou malad, fè yon sèvis gerizon lendi swa? Èske nou ta renmen fè sa? Èske nou ta ka fè l? Ebyen, si Seyè a vle, nou va fè l alò. Ou wè? Nou va--nou va gen sèvis priye pou malad yo, mèkredi, oswa, dimanch swa, oswa lendi swa, epi priye pou malad yo.

12 Bon, mwen espere ke sa pa deranje gwoup sa a ke m pral tounen avè l la, retounen nan Arizona. Frè Norman, èske li isit la yon kote? [Frè Gene Norman di: "Non."--Editè a.] Frè Fred ak rès nan nou an, èske tout bagay kòrèk? [Lòt yo di: "Trè byen."] Ou wè? Se kòrèk. Trè byen.

13 Alò, si Seyè a vle, lendi swa n ap priye pou malad yo, jis yon swa ki mete sou kote pou sa, ansanm nèt, jis pou priye pou malad yo. Bon, p ap gen zafè So yo ankò. Si Seyè a va jis louvri So sa yo, alò nou va priye pou malad yo, lendi swa.

14 Bon, o, mwen reyèlman renmen sa, anpil anpil, sèvi Seyè a nan Bagay sa yo! Èske nou renmen Sa, louvèti So yo? [Kongregasyon an di: "Amèn!"--Editè a.]

15 Kounye a, n ap pale de Senkyèm So a oswa, Sizyèm So a, pito. E sa pati desann kounye a nan vèsè 12 la--la nan chapit 6 la, rive jouk nan vèsè 17 la. Se youn nan So ki long yo. Gen on pakèt bagay ki pase la. E kounye a...

16 M ap fè yon ti rezime sou yè swa, kòm m on jan ap retounen dèyè, chak swa.

17 E, ann di, mwen--mwen vle di yon bagay, tou. Mwen jwenn, nan bwat sa a, kat oswa senk bagay ki trè enpòtan pou mwen. Yo te di m ke...E mwen vle sètènman ekskize m. Èske kasèt la ap mache? Kasèt la ap mache? Mwen vle ekskize m bò kot frè m minis yo ak nou menm moun isit yo. Yo di, yè swa lè m t ap pale de--de Eli a, nan lè sa a lè yo te...Li te panse li te sèl moun ki ta pral nan Lanlèyman, oswa sèl mou ki ta pral sove. Mwen--mwen te di sètisan olye de sètmi. Èske se sa? [Kongregasyon an di: "Wi."--Editè a.] Ebyen, se sètèn mwen regrèt sa, zanmi. Mwen--mwen--mwen konnen mye ke sa. Se te jis yon erè langaj, paske m te konnen se te sètmi. Mwen jis pat di l byen. Mwen...E mwen--mwen remèsye nou. E sa vle di ke...mwen kontan n ap siveye sa m di. E nou wè, alò, ke se...Paske, li, se--se sètmi.

18 Mwen gen de oswa twa biyè sou li, ki di: "Frè Branham, mwen kwè ou fè yon erè." Li di: "Èske se pat sètmi olye de sètisan?"

19 Mwen panse: "Se sètèn mwen pat di sètisan." Sa, e alò mwen...Billy...

20 Epi mwen, premye bagay ou konnen, mwen te pran yon lòt biyè. Li di: "Frè Branham, ou te...mwen kwè ou te di sètisan."

21 Epi yon moun di: "Frè Branham, èske sa se te yon--yon vizyon esprityèl ke--ke pral jis gen yon tip, epi ou tipifye l avèk sèt yo...?" Sa mete moun yo sou tansyon lè w panse bagay sa yo, ou wè. E se ase, sa, li mete m sou tansyon.

22 Yon bagay rive jodi a lè So sa a te revele, opwen ke m te dwe soti konplètman deyò nan lakou a, jis pou m mache ozalantou, deyò a nan lakou a yon ti moman. Se vre. Sa te jis senpleman prèske koupe souf mwen touswit sot nan mwen. Ou wè? Kifè, w ap pale, yon tansyon? O la la! Ou wè?

23 Yon lòt bagay, ou wè, nou fè konfyans dirèkteman nan sa mwen di. E Bondye pral rann mwen responsab pou sa m di nou. Ou wè? E alò mwen--mwen dwe absoliman osi sètèn ke sètèn ke mwen ka sètèn nèt, ou wè, sou bagay sa yo, paske se yon--yon tan fòmidad ke n ap viv ladann lan. Wi.

24 Mwen t ap panse a sèvis gerizon an pou madi swa. Èske sa ap deranje w, Frè Neville yon kote? [Frè Neville di: "Pa yon ti kras. M ap isit la menm."--Editè a.] Se byen.

25 Presye Frè Neville! Mwen di w, yo jis--yo jis fè youn, m panse, epi yo pèdi moul la. Se youn...Sètènman li se youn--yon vrè kopen e youn zanmi pou mwen, m ap di w sa.

26 Tabènak la fin bati, epi li genyen sal pou lekòl dimanch ak tout bagay prè, an òd isi a. E kèk nan nou moun yo ki nan viwonn lan isi a, ozalantou Jeffersonville, si nou vle vin legliz, nou gen youn bèl plas, e youn plas pou n vini, ak sal yo pou lekòl dimanch.

27 Bon pwofesè, ak Frè Neville isit la, pou klas granmoun yo, epi youn vrè pastè. M pa di sa pou m voye youn boukè flè sou li, men mwen ta prefere ba li youn ti flè woz kounye a olye youn kouwòn antye apre l fin mouri. E Frè--Frè Neville, mwen konnen l depi m te jis youn ti gason. Bon, li pa chanje youn ti kras. Li toujou Orman Neville, jis jan li te toujou ye.

28 M sonje youn vizit m te fè l. Menm la li te gen gras ase pou l mande m pou pran chè li lè li te youn predikatè Metodis laba a nan vil la. E li te gen youn bèl kongregasyon laba a nan Clarksville, la...mwen kwè li te rele Howard Park, legliz Metodis Aveni Harrison. Mwen panse ke se kote sa a li dwe te rankontre w, laba a, Sè Neville. Laba a, paske li te youn man-...

29 Mwen te retounen, epi m te di legliz la isit la, m te di: "Se te...Se te youn nan nonm ki pi janti! E youn nan jou sa yo mwen pral batize l nan Non Seyè Jezi." Sa te rive.

30 Men li. E kounye a li se kopen mwen, jis akote m lan. E li se youn nonm tèlman onorab epi respektab! Li toujou kanbe bò kote m jis tankou...jis osi pwòch ke li te kapab. Nenpòt sa m di, li jis apiye m epi li rete akroche a mwenmen m. Menm lè l te fèk vini, li pat konprann Mesaj la lè sa a, men li te kwè L e li te rete drèt avè L. Sa se lonè, sa se respè, pou youn frè konsa. Mwen pa ka di ase pou li. E kounye a se pou Bondye beni l. Trè byen.

31 Kounye a youn ti revizyon sou yè swa, konsènan louvèti Senkyèm So a. Nou p ap retounen dèyè nèt aswè a, n ap jis rekapitile lwen ase pou n pran Senkyèm So a--a.

32 Kounye a, nou wè ke te gen antikris la ki te galope, epi li te jwenn tèt li, nan twa pwisans. Yo tout te gwoupe yo nan youn sèl pwisans, epi yo te kouri sou chwal koulè pal la, "Lanmò," nan youn abim san fon, nan pèdisyon, kote l soti. Epi nou wè lè...

33 Lekriti di: "Lè lenmi a vini tankou youn flèv, Lespri Bondye leve youn etanda kont li." E nou wè sa te pafètman konfime nan Pawòl la yè swa, paske te gen kat Èt vivan ki--ki te reponn a kat fwa ke kavalye sa te galope.

34 E li te galope sou youn diferan chwal chak fwa, youn chwal blan, epi youn chwal wouj, epi youn chwal nwa, epi youn chwal pal. E nou te wè, koulè sa yo, ki sa yo te ye epi kisa yo te fè. Epi nou te ramne l dirèkteman nan laj legliz yo, e se egzakteman sa k te fèt, jis pafètman.

35 Kidonk, ou wè, lè Pawòl Bondye a melanje ansanm, sa vle di Li kòrèk, ou wè. Wi. Mwen kwè, nenpòt bagay ki akòde ak Pawòl Bondye a se toujou “amèn.” Ou wè?

36 Bon, tankou yon moun te di yo gen yon vizyon, epi li di ke se te sa. O, yo konnen Seyè a bay li, paske li vini avèk yon gran pwisans. Ebyen, vizyon an kapab byen. Men si li pa akòde ak Pawòl la, epi li kontrè ak Pawòl la, li jis pa kòrèk. Ou wè?

37 Bon, kounye a ka gen kèk frè oswa kèk sè Mòmon ki prezan. E ka gen kèk ladan yo ki jwenn kasèt sa yo, kounye a. E mwen pa vle di ke...Kèk nan moun ki pi janti ke noumenm avè m vle rankontre, yo dwe--dwe nan mitan moun Mòmon yo; tip de moun trè janti. Epi pwofèt yo--yo a, Joseph Smith, ke moun Metodis yo te asasine isit la nan Illinois, pandan vwayaj yo. E kifè alò nonm de byen sa--sa, ak vizyon an, mwen pa okenn dout ditou ke l te gen vizyon an. Mwen kwè li te yon nonm sensè. Men vizyon li te genyen an te kontrè avèk Lekriti. Ou wè? Kidonk, yo te dwe genyen yon Bib Mòmon, pou--pou fè sa mache. Ou wè?

38 Se Sa isi a, pou mwenmenm. Se sa. Se pou rezon sa a, jis Pawòl la. Se Sa. Ou wè?

39 Yon fwa, yon--yon--yon minis te vin isit la sot nan yon peyi etranje, e li...M te wè l ak yon--yon...li t ap pwomennen nan yon vwati, avèk yon moun ki pa...avèk yon--yon dam. Epi yo te vin nan yon reyinyon. E mwen te dekouvri, yo te kondwi pandan de oswa twa jou, jis limenm avè l, pou vin nan reyinyon an, ansanm. E fanm lan te marye, twa oswa kat fwa diferan.

40 E minis sa te avanse nan koulwa otèl la kote m te ye a, epi li te kouri vin ban m lamèn. E mwen te bal lamèn, epi m te leve pou m pale avè l. M te mande l, m te di l: “Lè w lib, èske m te ka pale avè w nan chanm mwen yon ti moman?”

Li di: “Sètènman, Frè Branham.”

41 M te mennen l nan chanm mwen an. E mwen te di minis lan, mwen di li: “Reveran, mesye, ou se yon etranje nan peyi a.” Mwen di: “Men dam sa gen yon sèl repitasyon.” Mwen di: “Èske w pa, oswa, ou sot byen lwen nan tèl tèl plas, pou vin jouk nan tèl tèl plas sa a?”

Li di: “Wi, mesye.”

42 Epi mwen di: “Èske w pa pè ke sa pral on jan...? Mwen--mwen pa...pa doute de ou, men ou pa panse ke sa ka gen yon enpak sou repitasyon w antan ke yon minis? Èske w pa kwè nou ta dwe bay yon ti egzànpi ki pi meye ke sa?”

Epi li di: “O, dam sa a se yon sent.”

43 Mwen di: “Mwen--mwen pa gen dout sou sa.” Men mwen di: “Men, frè, bagay la se ke, tout moun k ap gade l pa yon sen, ou wè, ap gade a sa w ap fè.” Epi mwen di: “Mwen kwè ou ta

dwe pran prekosyon. Se jis yon frè k ap pale a yon frè.” Epi li di...mwen di: “Dam lan marye kat oswa senk fwa kounye a.”

Epi li di: “Wi, mwen konn sa.” Mwen di: “Ou konnnen, mwen--mwen...”

44 Mwen di: “Ou pa anseye sa nan legliz lokal ou, èske w fè l, pou sa?”

45 Alò li di: “Non. Men,” li di: “Ou konnen, mwen te gen yon vizyon sou sa, Frè Branham.”

Mwen di: “Ebyen, se byen.” Mwen di...

46 Li di: “Èske sa deranje w?” Li di: “Mwen kwè mwen te ka korije w yon ti kras konsènan ansèyman w sou sa.”

47 Mwen di: “Trè byen.” Epi li...mwen di: “Mwen--mwen--mwen ta kontan konnen sa, mesye.”

48 E mwen di: “Ebyen,” mwen di, “ou konnen, nan vizyon sa a,” li di, “mwen t ap dòmi.”

Mwen di: “Wi,” Mwen te wè, alò, se te yon rèv. Ou wè?

49 Epi li di: “Madanm mwen--mwen,” li di, “li t ap viv ak yon lòt gason,” epi li di, “epi li t ap twonpe m.” Epi li di: “Alò li te vin jwenn mwen, epi li te di m, ‘O, cheri, padonnen m, padonnen m!’ Li di: “Mwen--mwen--mwen--mwen regrèt m te fè sa. M ap demere fidèl apati de kounye a.” Li di: “Natirèlman, mwen te renmen l sitèlman, mwen jis padonnen l, li di, ‘Trè byen.’” Epi li di: “Alò...”

50 Epi li di: “Ou konn yon bagay? Epi m te gen entèpretasyon vizyon an.” Li di: “Se te fanm lan sa.” Li di: “Sèten, li te marye, e--e latrize, e tout fwa sa yo.” Epi li di, sa: “Se kòrèk pou li pou l marye, paske Seyè a renmen l sitèlman. Li ka marye otan de fwa ke l vle, toutotan ke...”

51 M di, “Vizyon w lan te vrèman, vrèman atiran, men li te trè lwen Santye deja trase la.” Mwen di, “Se--se fo, ou wè. Ou pa dwe fè sa.” Pou ke...Ou wè?

52 Men kan w wè Ekriti ap marye ak Ekriti, pou ap montre yon kontinwite ki pa chanje pou yo ajiste ansanm. Lèzekriti, kote Sila a fini la, Lòt la laba vini epi tonbe chita egzakteman, pou desine tout tablo a nèt.

53 Se tankou mete yon kastèt mo kwaze ansanm, konsa. Ou jwenn mòso ki ale ladann lan. Pa gen anyen lòt ki ka pran plas li. Alò ou gen tablo a kòrèk.

54 E gen sèlman Yon Sèl ki ka fè sa, se Ayo a, kifè jye nou fikse sou Li.

55 Men nou jwenn ke lè sila yo, kavalye sa, li te youn nan kavalye ki t ap galope cheval sa yo. E apre sa nou t ap swiv li ap desann, pou te wè sa l te fè ak tout bagay, e nou te jwenn, depi aj legliz yo se egzakteman sa l te fè.

56 Apre sa lè li te soti sou yon bèt pou fè yon bagay presi, nou jwenn ke te gen youn ki te voye pou konbat sa l te fè a.

57 Te gen youn ki te voye pou premye aj la, Ayo a...lyon an. Se te Pawòl la, natirèlman, Kris.

58 Pwochen an se te bèf la, pandan tan aj tenèb la, kan--kan le--le legliz te òganize epi aksepte dògm olye de Pawòl la.

59 E sonje, tout bagay la baze sou de prensip: youn, yon antikris; lòt la, Kris.

60 Se ankò menm bagay la jodi a. Pa gen mwatye Kreyen. Pa gen yon moun sou-tèt klè; pa gen yon zwazo nwa-blan; non, non; pa gen yon pechè-sen. Non. Swa ou se yon pechè, swa ou se yon sen. Ou wè? Jis pa gen antre de. Swa ou ne de nouvo swa ou pa ne de nouvo. Swa ou ranpli ak Sentespri swa ou pa ranpli ak Sentespri. Pe enpòt konbyen sansasyon ou te genyen, si w pa ranpli ak Sentespri a, ou pa ranpli avè L. Ou wè? E si w te ranpli avè L, vi w montre sa, li jis ale avè L. Ou wè? Pèsonn pa bezwen di yon moun anyen sou sa. Yo wè l, ou sezi, paske Se yon So.

61 Bon, epi nou jwenn bèt sa yo, jan yo te galope chak fwa. Yo te voye youn ak ministè l, ak pouvwa politik, ap reyini pouvwa politik ak--ak pouvwa relijye, ansanm. Nou jwenn, Bondye te voye pouvwa Li pou konbat sa. Nou te retounen pou wè sa aj legliz la te ye, e nou te gad dèyè; e men ni, jis egzakteman fason sa.

62 La nou jwenn, yon lòt aj te parèt, e enmi an te voye antikris la sou non relijyon, sou Non Kris, sou non Legliz. Wi, mesye. Li te menm ale sou non Legliz. "Se te vrè Legliz la," li te di. Ou wè?

Antikris la se pa Larisi. Antikris la se pa sa.

63 Antikris la tèlman pwòch sanble ak vrè Kreyente a, jiskaske, Bib la di, "Li ta ka twonpe tout bagay ki pa predestine." Se vre. Bib la di sa, "Nan dènnye jou yo, tout bagay ki pa predestine, Eli a." Li di, "Eli a!" Bon, nenpòt moun lan, pran mo sa epi verifye l nan maj bib ou, ou va wè sa l vle di. Li di, "eli a, predestine a." Ou wè? "Li va twonpe yo tout ke non yo pat ekri nan Liv Lavi Ayo a depi nan fondasyon mond lan."

64 Kan Ayo a te sakrifye a, non yo te plase nan Liv la. Li kanpe nan Lye Sen an aswè a, nan Laglwa, antan ke entèsesè, ki ap fè entèsesyon pou chak nan nanm sa yo ke non yo nan Liv

sa. E pèsonn pa konn non sa sòf Li. Li se Sila ki gen Liv la nan men L, e Li konnen. Kan dènye sa va antre, alò jou entèsesyon L yo va fini. Li va avanse la pou reklame sa Li te entèsede pou yo a. L ap fè zèv Paran Redanmtè a kounye a; e Li va avanse pou resevwa sa k Pou Li yo. O, la la!

65 Sa ta dwe pouse chak Kreyen ap--ap chache pou tèt li, epi leve men l devan Bondye, pou ap di, "Netwaye m, O Seyè! Sonde vi mwen, e--e fè m--fè m wè kibò move kote m yo ye. Pèmèt mwen retire sou chemen an, rapid vit." "Paske si jis la ap apèn sove, ki kote pechè a ak enpi an va ye?" Se tan pou ap egzamine.

66 E si w ta vle mete l, epi w vle...pou bay Pawòl sa. (Bon, m pa vle, mande w pou poze m yon kesyon sou sa, paske l ap mennen m drèt nan yon lòt; m vle di, lè w ap ekri kesyon w yo. Mwen kwè kesyon yo deja antre, de tout fason.) Sa a se tan ankèt pou jijman an. Se vre. Kounye a, nou va gen sa sou--sou Twonpèt yo kan nou va rive a sa, kèlkeswa lè Seyè a va pèmèt li a, oswa lè Fleyo yo, e nou va dekouvri sou ankèt pou jijman sa, jis anvan Malè yo soti pou ale. Epi--epi nou wè ke se vre. E twa Anj ki te frape tè a, ap rele, ou konnen, "Malè! Malè! Malè pou moun ki abite sou tè a!"

E n ap viv on moman ekstraòdinè, yon moman ke...

67 Ou wè, bagay sa yo ke nou ladan yo kounye a, ke n ap etidye kounye a menm, se pou apre Legliz fin pati, ou wè, bagay sa yo nan peryòd Tribilasyon an. E mwen kwè sa dwe vrèman byen tabli nan kè chak kwayan, ke Legliz sa pap janm pase pa on peryòd Tribilasyon. Ou paka plase Legliz nan Tribilasyon, okenn kote. Mwen...Ou ka mete legliz la, men pa Lepouz. Ou wè, Lepouz te pati.

68 Paske, ou wè, Li, Li pa menm gen yon peche, pa menm yon bagay kont Li. Gras Bondye te kouvri L nèt. E klowòks la te mennen chak peche tèlman lwen, ke pa menm gen yon souvni de sa; pa menm yon bagay ke sa ki pi, ki pafè nan Prezans Bondye. O, sa dwe voye Lepouz sou jenou L pou ap kriye rele Bondye!

69 M ap panse a yon ti istwa; si m pap pran twòp nan tan w kounye a, nan preliminè sa. Mwen...M--m ap fè sa pou yon rezon, se pou, jiskaske m santi Lespri jis an pozisyon, pou kòmanse.

70 Sa a se yon--sa a se yon bagay sakre. Ou wè? Ou wè, se, ki moun ki konn bagay sa yo la? Pèsonn sòf Bondye. E yo pat sanse revele, epi pwouve nan Bib la ke yo pat revele, jiska jodi sa. Se egzakteman vre. Ou wè? Yo te--yo te konn devine yo; men kounye a nou sipoze genyen yo egzakteman, Verite a, Verite a konfime. Ou wè? Remake.

71 Bon, te gen yon--yon ti jenn fi nan lwès, ki te tonbe--tonbe damou avèk yon...Yon nonm te tonbe damou pou li. Antan ke achtè betay, li t al la pou Armour Company. Epi--epi yo te gen yon--yon gwo...

72 Yon jou bòs la te vini, pitit bòs la te sot Chicago, e, byen antandi, yo te abiye yo avèk, abi tradisyonèl moun nan lwès. Jenn fi yo--yo la, yo te byen abiye; yo chak te detèmine pou met men sou jenn gason sa, sèten, ou konnen, poutèt se te pitit gason moun ki pi enpòtan an. Kifè, yo te abiye yo avèk abi tradisyonèl moun nan lwès yo.

73 E--e yo te fè sa nan lwès. Yo te fèk soti nan youn nan epizòd sa yo. E Frè Maguire, m kwè li isit la kounye a, yo te siprann li anba lavil la san abi tradisyonèl moun nan lwès sou li, e yo te mete l nan--nan prizon. Epi yo te fè l pase devan on tribinal ak estil kangouwou, pou te fè l peye pou sa, epitou oblije l al achte yon abi tradisyonèl moun nan lwès. E m te wè lòt rès yo ki t ap pwonmennen ak gwo zam *men* longè. Yo jis konpòte yo de fason tradisyonèl laba. Y ap eseye viv sou yon bagay ki te egziste nan tan lontan yo, ki te pati byen lontan. Ou wè?

74 E apre sa, nan Kentucky, n ap eseye viv dapre ansyen jou pase sa fè lontan nan lès isit la, toujou lontan nan tan Renfro Valley ak bagay konsa. Nou renmen tounen dèyè nan ansyen tan sa yo. Gen on bagay ki koz sa.

75 Men kan li kesyon, pou retounen nan yon Levanjil orijinal, nou pa vle sa. Nou vle yon bagay modèn, ou wè. Sa montre ke, ou wè, nou--nou...gen on...

76 E kisa ki pouse yon--yon nonm fè mal? Kisa ki fè l bwè epi ap fè vagabondaj, oswa yon fanm k ap fè mal? Se paske l ap eseye...Gen yon bagay nan li, yon swaf. Gen yon bagay lan nonm lan, yon swaf. E y ap eseye konble swaf sen sa ak bagay mond lan. Alòske, Bondye ta dwe brevaj sa. Li te kreye w fason sa, pou w swaf. Se poutèt sa ou swaf pou yon bagay. Bondye te kreye w fason sa, pou te ka tounen swaf sen sa ba Li. Ou wè? Men lè w eseye satisfè swaf sa...Kouman yon moun fè ka oze fè sa! Ou pa gen okenn dwa pou fè sa, pou ap eseye satisfè swaf sen sa ki fè w swaf pou yon bagay, e, alò, ou dirije l nan mond lan, ap eseye satisfè l avèk lemond. Ou paka fè sa. Gen yon sèl bagay ki va ranpli sa, se Bondye. E Li te kreye w fason sa.

77 Kifè, jenn fi sa--sa yo te prepare yo ak yon--yon defile regilye nan fason nan lwès pou jenn gason sa kan li--li pral soti. E yo chak te sèten ke yo ta pral met men sou jenn gason sa.

78 Te gen yon ti kouzin la nan ranch lan, li te òfelen, e konsa li jis te konn fè tout travay la--la pou sila yo. Paske, yo te oblije al fè zong yo, ou konnen, yo patka lave asyèt poutèt men yo ak bagay konsa. E li te fè tout vrè travay di a.

79 E apre sa, finalman, kan jennòm lan te rive, yo te soti pou akeyi l nan yon ansyen fason nan lwès, ak planch pou met biyè a. Epi yo te antre, ap tire ak fizi yo, epi ap pwonmennen, ou konnen, epi ap fè enteresant. E jou swa sa yo te gen yon gwo dans deyò la, sou yon--sou yon pis pou dans a lansyèn mòd, e tout abitye ranch nan zòn lan, te vini avèk dans yo, elatriye. E, premye bagay ou aprann, enben, sa t ap dewoule, se te yon jibile pandan de ou twa jou.

80 Apre sa, yon nwit, jennòm sa te mache soti deyò, jouk...plas la, jis pou repoze l enpe de dans lan, epi al lwen jenn fi sa yo. E sa te rive li t ap gade, ap pwonmennen rega li anba nan direksyon kloti a. Men yon ti jenn fi ki ta prale, ki te gen movèz-aparans rad dechire. E li te gen on kivèt asyèt ranpli ak dlo, li t ap lave asyèt yo. E li te panse, "Mwen pat janm te wè l anvan. Mwen--m ap mande m ki kote l soti?" Kifè li te annik mete l an wout pou al fè tou a akote depandans lan--lan, pou desann la epi retounen, akote kloti a, pou rankontre l.

81 Li te pye atè. Li te rete. Li tap gade atè. Li te wè ki moun sa te ye, epi li te trè timid. Li te konn gran pèsonaj sa a. Epi se te jis kouzin lòt ti jenn fi sa yo. Papa yo te kontremèt gwo faktori Armour sa a, konsa yo te kontinye ... Li te kontinye ap gade atè. Li te wont dèske l te pye atè.

82 Li te di: -Ki jan w rele? Li te di li. Li te di, "Poukisa w pa deyò a la a ... kote lòt yo ye a?" Ebyen li te you jan ap bay yon bann eskiz.

83 Epi konsa, nan demen swa, li tap chache l ankò. Finalman ... Li te chita deyò a. Epi tou, yo tout tap met men ansanm, ak tout bagay sa yo.. Li-li chita sou kloti koral la epi li tap tann li vin, jete dlo asyèt yo deyò a. Epi li tap obsève l. Epi l, te di l ', li te di, "Ou konn veritab objektif mwen nan vini m bò isit la?" Li te di, "Non, mesye, m pa konnen non."

84 Li te di, "Objektif mwen poum isit la se jwenn yon madanm." Li te di, "Mwen jwenn yon karaktè nan ou ke yo pa genyen." M tap panse ak Legliz la, ou wè. Li te di, "Èske w vle marye avè m'?" Li te di, "Mwen? Mwen menm? Mwen, mwen pa ka panse a yon bagay konsa, mwen menm. "

85 Gade, se pitit gason patwon prensipal la. Li posede tout konpayi yo ak ranch nan tout peyi a, e tout bagay, ou wè. Li te di, "Wi." Li te di, "M-m pa t kab jwenn youn nan Chicago. M-m vle yon vrè madanm. Mwen vle yon madanm ki gen karaktè. Epi bagay ke m ap chèche a, m wè l nan ou. " Li te di, "Èske w vle marye avè m'?" Li te di, "Ebyen ..." Li te resezi l '. Epi l te di, "Wi."

86 Epi l te di, "Dakò ..." Li te di l li pral retounen. Li te di, "Koulye a, ou pral jis prepare w, epi nan yon lane a kòmanse pa jodi a m pral tounen. E m pral pran w ... Epi mennen w lwen isit

la. Ou pa pral bezwen travay konsa ankò. M pral pran w. Apre sa, m pral Chicago, epi m pral bati yon kay tankou w pat ko janm te wè. "

87 Li te di, "M pat, janm- janm te gen yon kay. M se yon òfelen, "li te di.

88 Li te di : M pral bati yon kay pou ou, Ou vrè kay. Li te di, "M pral retounen."

89 Li te kontinye ap swiv li, pandan setan, tout ane a. Li te fè tout travay ke l te kapab fè, pou met ase kòb de kote ak yon dola pa jou l la, oswa kèlkeswa sa l te ka fè ak planch li a, pou achte rad maryaj li. Se tip pafè legliz la! Ou wè? Ou wè? Li te pare rad li.

90 Epi, ou konnen, lè li te ekspoze rad maryaj sa a, - kouzin li yo te di, "Poukisa, pòv ti moun, egare. Ou vle kwè ke yon nonm konsa ta gon bagay pou fè avè w? "

91 Li te di: -Men l te pwomèt mwen. Amèn. Li te di, "Li te fè pwomès ." Li te di, "M kwè pawòl li."

92 "Oh, li te jis ap pase w nan betiz." Li te di, "Si l ta gen pou pran yon moun, li ta pran youn nan yo."

93 "Wi," li te di, "men l te pwomèt mwen. M ap ret tann li. " Amèn. Mwen menm, tou.

94 Se konsa, li te kòmanse ap finn ta e ankò pita. Jou a finalman te rive, nan yon moman done li ta dwe la, se konsa li abiye ak rad li. Epi li pa t 'menm tandè pale de li. Men li konnen kel ta dwe la, konsa li te abiye ak rad maryaj li, te prepare bagay sa yo.

95 Ebyen, lè sa a yo te reyèlman ri la a. Paske, patwon prensipal la te voye kot— kontremèt la, oswa-oswa kot... pa menm youn nan jenn fi sa yo pa t tandè anyen sou sa, konsa se te jis yon bagay misterye pou yo. Se sa, menm bagay. Se vrèman sa.

96 Men jenn fi sa a, jis ap fè fas ak tout sa, sou baz pawòl li ke l va tounen pou li.

97 Ki donk, yo te vrèman griyen dan yo. Epi yo pase men yo otou youn de lòt, epi ap danse toutotou l. Li te di, "Ha!" ap pede ri, ou konnen, konsa, yo te di, "Pòv, ti, moun egare!"

98 Li jis kanpe la, pa menm yon ti jennman nan figi l. Li te kenbe bouke flè l. Ak rad maryaj li byen tonbe sou li; li te lite, ou konnen. "Lamarye l te pare tèt li." Ou wè? Li te kenbe flè l, ap tann.

99 Yo di li: Koulye a, m di w li te antò. Ou wè, li pap vini. " Li te di, "M gen senk minit ankò." Li te di, "Li pral rive." Oh, yo jis tonbe ri!

100 Epi jis nan apeprè tan ke vye revèy la tap apwoche senk minit, yo tandè chwal yo ap galope, epi sab la kap woule anba wou yo. Vye charyo a te kanpe.

101 Li vole soti nan mitan yo, soti nan pòt la. Apre sa, li sote nan karòs la, epi li sote nan bra l yo. Li te di, "Tout bagay fini kounye a, cheri." Li te kite ti ansyen kouzin denominasyon l yo chita la, ap gade. Li-li te al Chicago, lakay li.

102 M konn yon lòt gwo pwomès konsa tou, sepandan. "M te al prepare yon plas pou ou; map retounen vin chache w. " Yo ta ka di nou fou. Men, frè m, pou mwen menm ak So sa yo ki brize konsa la a, anba bagay sinatirèl sa a, mwen ka prèske tandè son an, alòs ke òlòj tan an ap mache vè letènite a la a. M ka prèske wè ke zanj kanpe la a, ap di, nan dènye mesaj setyèm zanj sa a, " pap gen tan ankò." Ti epouz fidèl sa a pral vole nan bra Jezi youn nan jou sa yo, pou mennen l la kay Papa a. Ann panse a bagay sa yo pandan n ap avanse kounye a.

103 Remake ministè lyon an, Pawòl; bèf la, travay la ak sakrifis; riz la, nan refòmasyon yo; epi-laj Èg la, ki vini an, ki pou revele epi ranmase bagay sa yo e montre yo.

104 Koulye a nou jwenn, nan sèvis yè swa a, tou, gwo mistè a ki louvri ak So sa a, ki te absoliman kontrè ak konpreyansyon m te gen anvan. M Jis te prezime ke se te sa, m toujou pran nanm anba lotèl yo kòm mati kretyen primitif. Men nou te jwenn, yè swa, lè Senyè Bondye a te brize So sa pou nou, li absoliman enposib. Se pa t yo. Yo te ale dirèkteman nan Laglwa, lòt bò a, epi se la a yo te ye. Nou jwenn ke yo te jwif ki ta sòti nan lè sa a, kote ke ...

105 A pati de apèl la koulye a la, pou san karant-kat mil yo, ke n ap abòde aswè a ak demen. Epi — epi ant sizyèm ak setyèm so a, yo te rele san karant-kat mil yo.

106 Epi nou jwenn apre sa, se te mati ke yo te touye, epoutan se pat sa yo te ye ... Yo te gen rad blan sou yo, men non yo te nan Liv Lavi Ayo a. Epi yo te bay chak nan yo, yon rad blan. Epi nou te pran l konsa. Epi se pat anyen nan mond lan, m pa kwè, men bann — jwif sa yo ki te al nan peryòd pre-tribilasyon an. Lè, pandan peryòd dènye lagè sa a, yo te ... yo te ... Tout moun te rayi yo. Epi Eichmann touye dè milyon nan yo nan Almay. Ou fèk tandè pwosè a. Yo te touye dè milyon de moun inosan, jwif yo, jis paske yo te jwif; pa gen lòt rezon.

107 Bib la te di la a, ke, "Yo te mouri pou temwayaj yo sou Bondye, pou - Pawòl Bondye a, ak temwayaj yo te kenbe." Koulye a, nou jwenn ke Epouz la te Pawòl Bondye a ak temwayaj Jezi Kris la. Sa yo pa t gen okenn temwayaj sou Jezikri.

108 Epi nou jwenn ke Bib la di, ke, "tout pèp Izrayèl la, pèp Izrayèl predestine a, pral sove," Women 11. Ebyen, nou konn sa. Epi se la a nou te wè nanm yo.

109 Bon, gad kouman l pwòch. Poukisa sa l pa ta ka anvan? Paske l pa t rive anvan. Koulye a, ou ka wè l, ou wè. Gade, gran Sentespri a, kap gade bagay sa yo ap desann nan laj yo ak epòk yo. Epi koulye a li ap revele, epitou ou gade la a e konstate ke se la verite. Men ki kote l ye.

110 Ebyen, se te - se te mati nan tribilasyon an, oswa anvan tribilasyon Eichman nan. Koulye a, yo sèlman tipifye mati san karant-kat mil yo, ke n pral abòde, ant sizyèm e Setyèm So a. Ou wè?

111 Epi Setyèm So a se jis yon bagay, se tou, epi se, "Se te silans nan syèl la pou yon dire de yon demi èdtan." Ki donk koulye a, sèlman Bondye ka revele sa a. Li pa menm senbolize, okenn kote. Sa a se pou demen swa. Priye pou mwen. Ou wè?

112 Bon, nou remake kounye a, pandan ke n ap antre nan sizyèm so a. Kounye a, ke Papa nou ki nan Syèl la ede nou pandan n ap enstale nou kounye a pou Sizyèm So sa a. Koulye a, 12yèm vèsè sa a nan chapit 6 la. Epi mwen te wè lè l ... louvri sizyèm So a, men ni, te gen yon gwo tranbleman tè; Solèy la vin nwa tankou sak cheve, lalin lan vin tankou san. Epi zetwal yo nan syèl la tonbe sou ... tè a, menm jan yon pye fig jete fig ròrèt li yo, lè you van fò te souke l. Epi syèl la pati tankou yon woulo lè l woule ansanm; e chak mòn epi tout zile yo te deplase kote yo ye a. Epi wa latè yo, ak grantòm yo, moun rich yo, ak kaptenn an chef yo, ak nonm vanyan yo, ak tout esklav ... e tout moun lib yo te kache nan kavèn yo ak anndan wòch montay yo;

113 Remake la a? Gade yo, "nonm vanyan yo", Ou wè. Kisa yo te fè? "Yo te bwè diven kòlè pou fònikasyon ak pwostitye a." Ou wè? Sa a se egzakteman menm kategori sa a ki te bwè nan diven l lan. Ou wè? Epi yo te di mòn yo ak wòch yo: Tonbe sou nou, epi kache nou devan fas moun sa a ki chita sou twon la, ak kòlè Ayo a: Paske gran jou kòlè l la rive; epi ki moun ki pral kapab kanpe?

114 Gadon'on entwodiksyon pou ...ou wè, kavalye a kounye a, kavalye bèt la, epi repons a Bèt la, te sispann. Apre sa, nou te reprann, nou wè mati yo anba twon la. Bon sa a, nan epòk sa a, mati sa yo se vrè jwif Otodòks yo ki te mouri nan lafwa kretyen ... oswa nan - nan lafwa relijye, paske yo pa t ka kretyen.

115 Sonje byen, Bondye te avegle yo. Epi yo ta pral avèg pou yon bon bout tan, jiskaske Legliz moun lòt nasyon yo yo te retire yo nan chemen an. Paske, Bondye pap trete ak de moun say o an menm tan, paske sa vrèman kontrè ak Pawòl li.

116 Sonje byen, Li toujou trete ak Izrayèl tankou yon nasyon. Se nasyon Izrayèl la.

117 Moun lòt nasyon yo, tankou yon bann endividi, "moun ki te soti pami lòt nasyon yo." Epi l te dwe, moun lòt nasyon yo, te dwe fè ... te gen ladann tout moun ki nan mond lan, konsa de tanzantan kounye gen yon jwif ki antre ladann. Ou wè? Jis tankou yon-tankou yon Arab, ak yon Ilandè, yon Ameriken, epi kisa ankò, se tout moun ki nan mond lan, ki fè pati de boukèt Epouz la. Ou wè?

118 Men, kounye a, kan l kesyon pou trete ak Izrayèl alòs , nan dènye pati swasandizyèm semèn nan, Li trete avèk yo kòm yon nasyon, pou moun lòt nasyon yo se fini. Lè a pral rive talè konsa, epi li ka— aswè a menm petèt, ke Bondye pral vire do nèt bay moun nasyon yo kareman. Egzakteman! Li te di sa. "Yo pral foule miray Jerizalèm lan jiskaske dispansasyon moun lòt nasyon yo fini, tan yo fini." Wi mesye!

119 Epi lè sa a, "Ke moun ki souye a rete souye; ke pou moun ki jis la rete jis. " Ou wè?

120 Pa gen san ankò sou syèj la - nan - nan sen - ... nan Tanp lan, ditou. Pa gen san ankò sou lotèl la. Sakrifis la te deplase, e pa gen anyen lòt ke lafimen ak zèklè epi jijman la a. Epi se jis egzakteman sa k devèse isit la aswè a. Ou wè Ayo a te deja kite ... Travay medyatè l la. Travay medyatè a te fini, lòt bò Twon nan. E Sakrifis la, jan nou te tipifye l pafètman, Paran Redanmtè a, Ayo ki benyen nan san l la presente l. Yon Ayo ke yo te touye, youn ki benyen ak san, ke yo te touye, yo te bat li, li te avanse epi li pran Liv la nan men l. Sa vle di, jou yo te fini. Koulye a li vin reklame sa l te rachte yo. Amèn! Sa jis fè yon bagay travèse m!

121 Nou jwenn kounye a, ke Jan te di, "M te remake lè l te louvri Sizyèm So a, te gen yon gwo tranbleman tè," epi tout la nati te entèwonpi. Ou wè?

122 Bondye tap fè anpil bèl bagay, tankou geri malad, epi louvri je avèg yo, e l t ap fè de travay remakab.

123 Men nou jwenn, isit la, ke lanati a te tonbe, wi, tout nati a. Gade sa k te pase, "tranbleman tè a; solèy la te vin tounwa, lalin lan pa t bay limyè li; e Zetwal yo te sekwe, epi te tonbe. Alòs, poukisa, tout bagay sa a te pase, ou wè, egzakteman nan moman ouvèti sizyèm so sa a. Se lè sa a sa te rive, touswit aprè yo te anonse mati sa yo, Ou wè. Mati yo te fini.

124 Ebyen ou wè nou vrèman pwòch de lè sa a kounye a. Nou ta ka, nan nenpòt ki lè a, ou wè, paske Legliz la jis sou pwen pou pran vòl li. Men sonje, lè bagay sa yo rive, Epouz la pa pral isit la. Senpleman raple w, Epouz la te a ale, Li pa gen pou l pase atravè okenn bagay sa yo. Sa a se yon tan tribilasyon, pirifikasyon legliz la-; Se a limenm ke yo mande, pou pase atravè l, pa Epouz la. Li pati ak ti cheri l la. Wi mesye! Limenm, yo te rachtel. Ou wè, se yon jan de ... Sa a se Pwòp seleksyon l, pwòp chwa l, tankou nenpòt nonm ki pran epouz li. Ou wè? Koulye a, tranbleman tè a ...

125 Ann konpare Ekriti yo kounye a. M-m vle ... Eske w te gen yon kreyon ak papyè avèk w? M vle w fè yon bagay pou mwen. Kòm ou vle ekri, ekri sa a, paske, sof si w pral pran bann lan. Koulye a nou ... Mwen vle w li avè m, menm jan w fè l la.

126 Konpare Ekriti gran evènman sa a, ke n pral wè ke gwo sekre sa a, oswa mistè, ki te anba Sizyèm So Liv Redanmsyon an. Koulye a sonje, sa yo se mistè kache. Epi sis So yo, tout ansanm, se yon sèl gran liv ekstraòdinè, jis sis woulo ki woule ansanm, epi li deroule tout liv redanmsyon an. Sa a se konsa ke tout tè a te rachte.

127 Se pou rezon sa a Jan te kriye, paske, si pèsonn pa t ka louvri Liv sa a, tout kreyasyon an, tout bagay t ap disparèt. Li ta jis tou senpleman retounen -a-atòm ak molekil, elatriye, ak limyè kosmik, e pap menm kreyasyon an, moun, anyen lòt. Paske, Adan pèdi dwa l yo sou Liv sa a. Li te pèdi l lè li te koute madanm li, epi limenm te koute rezònman Satan, olye de Pawòl Bondye a. Ou wè? Li te pèdi.

128 Ki donk, li pa t kab tounen nan men sal Satan an, ki se moun ki tante l poul kite chemen an, ebyen se poutèt sa li tounen al jwenn pwopriyetè orijinal li, tankou nenpòt ki papyè akt abstrè ta fè, ou wè. Li te retounen san pèdi tan a pwopriyetè orijinal li, e se te Bondye, Kreyatè a, ki te ka fè l. Epi li kenbe l.

129 Epi gen yon pri, e sa se redanmsyon an. Gen yon pri pou redanmsyon an, e pa t gen pèsonn ki te ka fè l. Konsa, Li te di, Li fè lwa l yo, pwòp lwa paran Redanmtè l yo. Apre sa yo pa t kab jwenn pèsonn. Tout moun te fèt pa sèks, fèt pa dezi seksyèl; li te nan peche orijinal la, Satan ak Èv, konsa li pa t kab fè l. Pa gen anyen nan li. Pa gen sen Pap, prèt, Doktè an Divinite, kèlkeswa moun li ta ye a, li pa ta yon moun diy. Epi li pa t kab yon zanj, paske l te dwe yon paran. Li te dwe yon nonm.

130 Alòs, Bondye li menm vin yon paran, lè l pran yon kò imen, atravè nesans vijinal la. Epi san l te koule. Se pa t san yon jwif. Se pa t san yon moun lòt nasyon yo. Se te san Bondye. Ou wè? Bib la te di, "Nou te sove pa san Bondye a."

131 Timoun nan pran san papa a. Nou konn sa. Nenpòt bagay nan sèks mal la pwodui emoglobin lan. Se konsa, nou jwenn, tankou manman poul la ponn ze a; li ka ponn yon ze, men si kòk la, oswa konpayon an, pa t fè l avè l, li pa p kale. Li pa fètil. Fanm lan se sèlman kouveuz ki pote ze a. Men ze a vini ... Jèm lan soti nan gason an.

132 Epi nan ka sa a, mal la te Bondye li menm. Se jan sa a ke m di, kouman monte se desann, epi-epi gwo se piti. Bondye te tèlman gran jiskaske li te vin, menm fòmè tèt li nan yon tèlman vyek ti bagay, an yon vyek ti jèm andedan vant yon jenn fi. Epi toutotou Li devlope selil yo ak

san an. Apre sa Li te fèt, el grandi sou tè a. Epi pati de kalite kòmansman sa, san tach, san pase pa okenn dezi seksyèl, ditou.

133 Ki donk li te bay san sa a, paske li te vin yon fanmi pou nou. Epi Li te Paran Redanmtè a. Apre sa, San L te koule pou granmesi. Li pa t oblije. Li bay li pou granmesi, pou rachte.

134 Answit li ale sou lotèl Bondye a, li tann la, pandan ke Bondye kenbe Liv Redanmsyon an nan men l. Epi Ayo a ki kouvri ak san kanpe sou lotèl sakrifis la. Men Ayo a, pou fè redanmsyon an, ap fè entèsesyon.

135 Alòs, kouman yon moun ka gen lodas pou di ke Mari, oswa Jozèf, oswa nenpòt ki lòt mòtèl la, ta ka-dwe yon entèsesè! Ou pa fè entèsesyon a mwens ke gen San la a. Wi mesye. "Gen yon sèl Medyatè ant Bondye ak lòm, e se Kris Jezi a." Se pou sa ke ekriti a di. Li kanpe la a, e jiskaske dènye nanm nan te rachte; epi apre sa, li prezante l pou reklame sa l te rachte a. Oh, ala yon-ala Li yon Papa Fòmèdab!

136 Koulye a sonje, kounye a, m te toujou anseye ke, "Nan bouch de 2 oswa 3 temwen, se pou chak pawòl fonde." Epi, ekriti a, menm jan kew pa ka pran yon ekriti epi pwouve kwakseswa a mwens ke yon lòt bagay ale avè l. Ou wè?

137 Gade, m ka pran yon Ekriti epi di, "Jida te al pann tèt li," pran yon lòt epi di, " Al fè menm bagay la." Ou wè? Men, ou wè, li pa pral melanje ak rès la.

138 Epi m te panse, anba Sizyèm So sa a, lè Sentespri a te louvri l la a, epi m te wè sa l te ye, alòs m te panse li ta yon bon bagay pou m bay klas la yon ti bagay diferan aswè a. Ou wè? Paske, li ta ka fatigan, pou jis ap koute m 'pale tout tan, konsa, m te panse ke n ta fè yon bagay diferan.

139 Koulye a, remake. Gwo evènman sa a te sele anba Liv mistè a, Redanmsyon an. Koulye a, Ayo a genyen l nan men l, li pral louvri l.

140 Kounye a, ann gade nan Matye 24yèm chapit la, Ayo a li menm ki tap pale. Koulye a, nenpòt moun konnen ke Kris se otè tout liv la, pou sa ki gen rapò ak sa. Men se sa— diskou l la a, oswa prèch— Li pou pèp la, dakò, pou jwif yo.

141 Koulye a, m vle w kenbe liv ou konsa, Matye 24 ak Apokalips 6, konsa. [Frè Branham kenbe Bib li louvri nan de chapit sa yo - Ed.] Epi ann konpare yon bagay la a yon ti kras.

142 Koulye a, siveye sa a kounye a, epi w ka jis wè ki jan-ki jan li ye. Gade, kisa Ayo a ap montre la a, egzakteman nan senbòl, sa L te di la a nan Pawòl la. Li fè egzakteman konsa

pou l ka fè l byen. Koulye a, sa a - sa a se tout sa l gen pou l fè. Men l ... Men youn, ke L ap pale de li, epi men ki kote l te rive. Ou wè? Se jis konfimasyon pafè.

143 Kounye a, kounye a ann gade nan 24èm chapit Sen Matye, ak Apokalips 6, epi konpare 24yèm chapit Matye a. Nou tout konnen ke se te chapit ke chak entelektyèl, chak moun refere yo, pou-pale sou peryòd tribilasyon an. Li soti nan chapit 24 la nan Matye. Epi, koulye a ann ... Si se konsa, kounye a nou ... Paske, nou konnen ke Sizyèm So sa a se So jijman an. Se So jijman an, se ekzakteman sa L ye.

144 Koulye a, gade, nou te gen-kous antekrist la. Nou te wè Legliz la ale; kounye a se fini, li monte. Apre sa nou wè mati yo, ki te jwif la ba a, anba lotèl la. Koulye a, men eklatman jijman an, sou moun ki se...

145 De jijman tribilasyon sa a pral soti san karannkatmil Jwif rachte yo. M pral pwouve w ke yo se jwif, epi yo pa moun lòt nasyon yo. Yo pa gen anyen pou wè ak Epouz la, anyen menm. Epouz la a, nou fè wè ke Epouz la te ale. Ou pa ka mete sa okenn lòt kote; li pa tounen ankò jouk 19èm chapit Liv Akt la.

146 Koulye a remake, paske, Sizyèm So a se jijman So Pawòl la.

147 Koulye a, la a, ann kòmanse kounye a epi ann li Sen Matye, chapit 24 la. Koulye a, m ta jis renmen ba w yon bagay la a ke m te jis ap eseye, jwenn. Bon, Sen Matye, de 1 a 3, byen, se kote nou pral li an premye. Apre sa Jezi te soti, li te kite tanp lan: disip li yo pwoche bò kote l 'pou yo montre l konstriksyon Tanp lan. Epi li te di yo: Pa gade tout bagay sa yo? an verite m di nou, p'ap ret youn ... yon wòch sou yon lòt, ki p'ap tonbe atè. Kounye a, e (3èm vèsè) pandan l te chita sou ... mòn ... dè Zolivyè, disip yo te vin jwenn li an prive, yo te di, Di nou, kilè bagay sa yo pral rive ... kisa ki pral siy ki ap vini w lan, ak fen mond lan?

148 Koulye a ann kanpe la a. Twa vèsè sa yo, yo te rive, an reyalite, nan Madi aprè midi, 4 avril, a.d 30. Epi de premye vèsè yo te rive nan apremidi ... 4 avril, nan a.d 30. Epi 3yèm vèsè a te rive Madi swa nan menm jou a. Ou wè?

149 Yo rive nan tanp lan, epi yo mande l bagay sa yo. "De ki prevyen sa a? ? Epi de ki prevyen sa a? gade gwo tanp sa a! Èske se pa yon bèl bagay? " Li te di, "p'ap gen yon wòch kap rete sou yon lòt."

150 Apre sa Li te monte sou mòn lan, el te chita, ou wè. Se la a, la a Li kòmanse; se apre midi. E apre, lè yo fè sa, yo mande l la a, yo di l: Nou vle konn kèk bagay.

151 Koulye a remake, men li - men twa kesyon jwif yo te poze, disip li yo. Yo poze twa kesyon. Koulye a gade byen. " se kisa," premyèman, premyèman, "se kisa ...? Kilè bagay sa yo va

rive, kilè p'ap gen yon wòch ki rete sou yon lòt? "Kisa kap siy vini w lan?" dezyèm kesyon. "Epi fen mond lan?" Ou wè li? Gen twa kesyon.

152 Bon, men ki kote anpil moun fè erè. Yo aplike bagay sa yo la a a yon laj kèlkonk epi, alòs, ou wè, L ap reponn twa kesyon yo. Yo ...

153 Obsève koulye a ki jan-li bèl, 3yèm vèsè a, ou wè, dènye fraz ki nan 3yèm vèsè a. "Epi kisa ki pral fèt ...?" Premyèman, yo rele l sou mòn Olivye a la a, an prive. "Di nou, kilè bagay sa yo va rive?" kesyon nimewo en. "Ki sa ki pral siy vini w lan?" kesyon nimewo de. "Epi fen mond lan?" kesyon nimewo twa. Ou wè? Gen twa kesyon diferan ki te mande. Koulye a, kounye m vle w tounen paj la epi gade ki jan Jezi te pale ak yo la a osijè de bagay sa yo.

154 Oh, sa tèlman bèl! M ... Jis fè m '... M-m-m gen ... Se te ki mo nou te itilize avan yè swa a? [Kongregasyon an di, "eksitasyon." - Ed.] Eksitasyon ki vinn de revelasyon! Remake.

155 Kounye a, ann tounen kounye a sou Premye So nan — nan Liv So yo, epi konpare Premye So sa a avèk premye kesyon an.

156 Epi chak kesyon, konpare l touswit, epi gade si li pa mache men nan men, jis menm jan nou te fè nan tout lòt sa yo ki te louvri, nan laj legliz yo ak tout bagay yo, egzakteman menm bagay la. Men So a, ki louvri pafètman, lè sa a. Remake, kounye a. Koulye a, nou pral li, an premye, pou ... "Ki donk Li reponn yo ..." Epi-epi apre sa, Li-Li pral kòmanse reponn kounye a, epi nou vle konpare l ak So yo.

157 Koulye a, obsève. Premye So a se Revelasyon 6: 1 e 2. Koulye a, nou li 6: 1 e 2. Epi-e m te wè ... Ayo a lè l te louvri youn nan So yo, epi m te tandè, kòm si se te yon loraj, yonn nan kat Èt vivan yo t'ap di: Vin wè. M te gade, Epi m wè yon chwal blan : epi sila ki te chita sou li a te gen yon Ak. epi yo te ba l yon kouwòn: epi li te al pou fè konkèt, epi pou l konkeri.

158 Kiyès nou te jwenn ke kanmarad sa a te ye? [Kongregasyon di, "antikrist." - Ed.] Antikrist. Matye 24, kounye a, 4 e 5. Jezi reponn yo, li di yo— di yo, Fè atansyon pou ke pèsonn pa sedwi nou. Paske plizyè pral vini nan non m, ap di M se Kris la; epi yo pral sedwi anpil moun.

159 Wè li? Antikrist. Men So w la. Ou wè? Ou wè? Li te pale de li la a; epi la a yo louvri yon So, e l te la a, jis pafè.

160 Kounye a Dezyèm So a, Matye 24: 6, Apokalips 6: 3 e 4. Koulye a gade byen, Matye 24: 6. Koulye a, kite m wè sa l di. Epi nou pral tandè pale de lagè ak rimè kap kouri sou lagè: pa kite sa boulvèse w, paske tout bagay sa yo dwe rive, men se pap ankò fen an.

161 Dakò, ann pran Dezyèm So a, Apokalips 6: 3 epi ... 2. Gade sa L di kounye a. Epi lè l te louveri dezyèm So a, epi m te tandè dezyèm Èt vivan an di, Vini ... gade. Epi gen yon lòt chwal ki te wouj soti. Yo te bay sila ki te chita sou li a pouvwa pou yo retire lapè sou latè, epi pou youn te touye lòt. Epi yo te ba l yon gran epe.

162 Jis egzakteman, pafè! Oh, m renmen fè ekriti a reponn pou li menm. Pa vre? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Sentespri a ekri tout bagay, men Li kapab revele li.

163 Koulye a ann remake Twazyèm So a. Koulye a, sa a se grangou. Koulye a, Matye 24: 7 e 8. Ann pran 7 ak 8, nan Matye. Epi nasyon pral leve kont nasyon, e wayòm kont wayòm: pral gen grangou, ... maladi, ... tranblemanntè, nan plizyè kote. Tout bagay sa yo se kòmansman doulè.

164 Gade, w ap vini touswit kounye a. Bon, Apokalips, nan 6yèm la, kounye a nou pral louveri Twazyèm So a. Li twouve l nan Apokalips 6: 5 ak 6. Epi lè l te louveri twazyèm So a, m— m te wè twazyèm Èt la ki di: Vini wè. Epi, m te gade, men yon chwal nwa; e sila ki te chita sou li a te gen yon balans nan men l. Apre m te tandè yon vwa nan mitan kat Èt vivan yo ki t'ap di: Yon mezi ... yon santim ... Yon mezi ble pou yon santim, ak twa mezi lòj pou yon santim; epi wè pou pa fè mal a lwil la e ak ... diven an.

165 grangou! Ou wè, egzakteman menm So a, menm bagay Jezi te di a. Se byen sa.

166 Katriyèm So, "maladi" ak "lanmò." remake, Matye 24. Nou pral li— vèsè 8 la, 7 ak 8 la, m kwè ke se sa, sou Katriyèm So sa a, m te jwenn la a. Dakò.

167 Kounye a, kisa mwen te li la a ankò? Èske m li yon bagay ki fo? wi, m te gen sa a note la a. Wi, men li. Koulye a, nap derape. Koulye a nap avanse. Dakò, mesye.

168 Koulye a, ann kòmanse la a nan 7yèm nan, sou sa a, Katriyèm So a; epi nan 6: 7 e 8, nan lòt la, nan Apokalips la.

169 Koulye a, ann wè 7yèm ak 8yèm Matye 24 la. Oke, kounye a. Epi nasyon pral leve kont nasyon, epi wayòm kont wayòm: pral gen grangou, ... maladi, ... tranblemanntè, nan plizyè kote. Tout bagay sa yo se kòmansman doulè.

170 Koulye a, Katriyèm So a, Alès ke nou li l la a, se te ... Katriyèm So a, li te kòmanse 7yèm ak 8yèm, lòt kote sa a kounye a. Lè l louveri katriyèm So a, epi wè ... katriyèm Èt vivan an te di: Vini wè. Apre sa, m te gade, e m wè yon chwal pal : ...

171 Koulye a, ret tann. M te mal note l. ya. ya. Koulye a, jis yon minit, kounye a, 7 e 8.

172 Koulye a, ann wè, Matye 24: 7 e 8. Koulye a, ann wè. Nou pral konprann sa. Se Twazyèm lan, kap louvri, eske se pa sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." - Ed.] Matye 24: 7 e 8. M regrèt sa. Koulye a, li louvri lapli a, oswa, grangou a, li louvri grangou an. Dakò.

173 Koulye a, "move maladi yo" ak "lanmò." Wi mesye. Koulye a, nap rive sou li, 7 ak 8. Koulye a, sa ta dwe Katriyèm So a. Ann wè ki kote nou jwenn katriyèm So a. "Epi, lè l te louvri Katriyèm-Katriyèm So a ..." Ya, se kavalye chwal-pal la, "Lanmò," ou wè. Epi — epi m te gade, epi m wè yon chwal pal: epi li ... chwal pal: e non sila ki te chita sou li a te rele lanmò, epi lanfè te swiv ... li. Epi yo te ba l pouvwa sou kat ... pati tè a pou touye avèk epe, ak grangou, ak lanmò, ak bèt sou tè a.

174 Koulye a, ou wè, se te "lanmò."

175 Kounye a, senkyèm so a, Matye 24: 9-13. Ann wè si m te gen rezon, kounye a, ankò. Ou wè? Epi lè sa a yo pral livre w pou yo akable w w, epi yo pral touye ou (men li): epi yo pral rayi w pami tout nasyon poutèt non m. Epi lè ... Lè sa a, anpil moun pral trayi ... anpil pral ofanse, epi yo pral trayi youn ak lòt, epi yo pral rayi youn ak lòt. Epi anpil fo pwofèt pral leve, e ... sedwi anpil. Epi paske inikite pral ogmante anpil, lanmou anpil moun ap vin frèt. Men, moun ki ... kenbe fèm jouk sa kaba, li va sove.

176 Bon, nou nan Senkyèm So a kounye a. Sa se te yèswa, ou wè. "Yo va livre nou, trayi youn lòt," elatriye.

177 Bon obsève la nan 6zyèm So, a, 6:9-11. Kounye a annou pran sa, Apokalips 6:9-11

E kan li te louvri senkyèm so a, mwen te wè anba lotèl la nanm sila yo ke yo te imole poutèt pawòl Bondye a, e poutèt temwayaj ke yo te gade:

E yo te kriye ak yon gwo vwa, ap di, Jouk kilè...Seyè, sen...veritab, ke ou...va jije e tire revanch pou san nou sou sa yo ki abite sou tè a?

Bon, yo te ba yo wòb blanch yo chak; e yo te di yo dwe repoze ankò pandan on ti moman, jiskaske kanmarad sèvitè yo tou epi frè yo,...yo va touye yo menm jan avèk yo, ke sa va akonpli.

178 Bon, ou wè, anba Senkyèm So a, nou jwenn--nou jwenn la peryòd mati a.

179 Epi anba chapit 24:9 la la, nou...jiska 13, nou jwenn tou ke se te dè mati. "Yo va livre nou, epi touye nou," elatriye. Ou wè, menm So a ki t ap louvri.

180 Bon, Sizyèm So a, se ladann nou rive kounye a, Matye 24:29 ak 30. 24, e annou pran vèsè 29 ak--ak 30 lan. Men yo.

Bon, kounye a nou pral pran, tou, Apokalips 6:12-17.

181 Se egzakteman sa nou jis li a. Bon tandè sa, kounye a, sa Jezi te di nan Matye....:29, 24:29 ak 30.

Imedyatman apre tribilasyon pandan jou sa yo...

182 Kisa? Kan...tribilasyon sa, ti zwit tribilasyon sa ke yo te sot pase la, ou wè.

...solèy la va vin sonb, e lalin lan pa pral bay limyè l, e etwal yo va tonbe sot nan syèl la, e pwisans...syèl yo va ebranle:

E apre sa siy Fis de lòm lan va parèt nan syèl la: e alò tout tribi sou tè a va ap jemi, e yo va wè Fis de lòm lan ap vini sou nyaj sot nan syèl avèk pwisans epi gwo glwa.

183 Bon, li la kounye a nan Apokalips, Sizyèm So a--a, sa nou sou li drèt kounye a.

E...men ni kan li te louvri sizyèm so a, e, la, te gen yon gwo tranblemanm tè; e solèy la te vin tou nwa tankou on krinyè chwal (ou wè?), e lalin lan te vin tankou san;

E etwal nan syèl la te tonbe sou tè a, tankou yon pye fig ki t ap lage fig li yo, kan l...te sekwe ak yon van ki gen pwisans.

E syèl la t ap kouri tankou yon fèy papye yo t ap woule ansanm; epi tout montay ak tout il yo...te kite plas yo.

E wa ki sou tè yo, ak granzòm yo, ak moun rich yo, ak kapitèn an chèf yo, ak gwo towò kason yo, ak tout esklav,...tout moun lib, yo te foure tèt yo kache nan gwòt...nan gwo wòch ki nan montay yo;

E yo te di montay ak wòch yo, Tonbe sou nou, epi kache nou devan figi sila ki chita sou twòn lan, devan kòlè--kòlè Ayo a:

Paske gwo jou kòlè li a rive;...kilès ki ka reziste?

184 Jis pafètman, retounen drèt ankò ou wè kisa Jezi te di la kounye a nan Matye 24:29. Koute. "Apre" dosye Eichmann sa, elatriye.

Imedyatman apre peryòd tribilasyon sa yo solèy la va vin sonb,...lalin lan pa pral--pa pral bay limyè l,...etwal yo va tonbe sot nan syèl,...pwisans... syèl yo va ebranle:

Kounye a obsève.

E alò siy Fis de lòm lan va parèt nan syèl la: e yo va wè l, e yo...e apre sa tout tribi sou tè a va ap plenn, e yo va wè Fis de lòm lan ap vini sou nyaj nan syèl la avèk gwo pouvwa ak glwa.

E...voye anj li yo, elatriye, epi avèk yon...son twonpèt, e...va rasanble yo ansanm...kat van yo,...te batay ansanm.

185 Ou wè, jis egzakteman, konpare sa Jezi te di nan Matye 24, ak sa revelatè a la te louvri nan Sizyèm So a, se jis egzakteman. E Jezi t ap pale de peryòd tribilasyon. /Frè Branham frape twa fwa sou chè a--Editè a/ Ou wè?

186 Dabò, li te mande kilè bagay sa yo va rive, kilè tanp lan va anvayi. Li te reponn sa. Apre sa li te mande, kilè tan an va rive...Men peryòd aj mati yo. E kilè sa a va fèt, kilè antikris la va leve; e kilè antikris la va anvayi tanp lan.

187 Danyèl, nou te ka retounen pran Danyèl la, lè l te di ke, prens sa ki va vini an. Nou menm lektè yo nou konn sa. E kisa li t ap fè? Li ta pral fè sispann ofrann kotidyen an, ak tout sa ki ta pral rive pandan tan sa. Li te di...

188 Jezi, an palan de sa la, te menm souliye l. Li te di, "Kan nou va wè abominasyon ki koze dezolasyon an, ke pwofèt Danyèl, te pale a, pandan l te twouve l nan lye sen an." /Frè Branham frape twa fwa sou chè a--Editè a/ Kisa sa ye? Moske Oma a, ki tabli la nan anplasman tanp lan kan yo te boule l la. Li te di, "Ke sa yo ki nan montay yo...Ke sa yo ki sou tèt kay yo, pa desann pou vin pran bagay bwote soti nan kay la, oswa sa ki nan chan an ke l pa retounen dèyè. Paske va gen yon moman ak twoub!" Ou wè? E tout bagay sa yo ta pral rive, t ap fè yo aji kounye a epi sa te konfime, ankò avèk ouvèti Sizyèm So sa.

189 Bon m vle w remake. Jezi...Bon, konsènan demen swa, sou Sa, Jezi pat pale de ansèyman Setyèm So a. Li pa la. Obsève, Li te annik kontinye ap pale an parabòl la, apre sa. E Jan pat pale de Setyèm So a. Setyèm lan, dènye a, Setyèm So a, ki pral yon gwo bagay. Li pa menm ekri, ou wè. Li te pase sou Setyèm So a; toulède te fè sa. E revelatè a, kan Bondye te jis di te gen...Jan te di, "Te jis gen on silans nan Syèl la." Jezi pa janm di yon mo sou Sa.

190 Remake kounye a, ann retounen sou vèsè 12 la, remake, okenn Èt vivan. Sa se vèsè 12 la, pou demare So nou an, pou nou wè l louvri. Okenn Èt vivan, tankou, Kreyati vivan yo, pat reprezante la, okenn, jan l te ye nan Senkyèm So a. Poukisa? Sa te rive, lòt kote aj Levanjil la, nan peryòd Tribilasyon. Sizyèm So sa se peryòd Tribilasyon an. Se sa k te rive. Lepouz te pati. Ou wè? Pat gen okenn Kreyati vivan oswa anyen la ke w te kab di. Se jis...Kounye a, Bondye pap trete avèk Legliz ankò; Li te pati.

191 L ap trete avèk Izrayèl, ou wè. Ou konprann, sa a se lòt kote a, se lè Izrayèl te resevwa Mesaj wayòm lan, pa de pwofèt Apokalips 11 yo. Sonje, Izrayèl se yon nasyon, yo se sèvitè Bondye, antan ke nasyon. E kan--kan Izrayèl va antre, sa va yon--yon afè nasyonal.

192 Izrayèl, tan wayòm lan, se kan David...Fis de David la, va chita sou twòn lan. Se pou rezon sa fanm sa te kriye, "O Fis de David!" E David gen pou...Fis de David! Bondye te jire sou Tèt pa L, bay David, ke Li t ap sisite Pitit Li ki va monte sou twòn li an. Sa va yon twòn pou tout tan. Ou wè? Li patap gen fen. Salomon te akonpli sa, an tip, nan tanp lan. E Jezi jis sot di yo la, ke, "Pa pral rete menm yon wòch anpile sou yon lòt." Men Li t ap eseye di yo la, sa k...Li va retounen.

"Kilè W va retounen?"

193 "Bagay sa yo va rive anvan M retounen." E men yo!

Kounye a nou lan peryòd Tribilasyon an.

Sonje, kan wayòm lan etabli, sou tè a...

194 Bon, sa ka petèt on tijan chokan. E si gen on kesyon, e ou--ou ka toujou mande m; si w vle depoze kesyon an, apre sa te souliye, epi jis touche l; si w pat, ou pa deja konnen l.

195 Nan peryòd Milenyòm lan, se Izrayèl antan ke nasyon, douz tribi yo antan ke nasyon.

196 Men Lepouz nan palè a. Li se Rèn lan la. Li marye. E tout tè a va vin nan vil sa, Jerizalèm, e yo va mennen glwa yo ladan l. "E pòt yo pap fèmen, lan--lan--lannwit, paske pap gen lannwit." Ou wè? Pòt yo va toujou louvri. "E wa sou tè yo," Apokalips...:22, "va mennen onè ak glwa yo nan vil sa." Men Lepouz anndan an avèk Ayo a. O, la la! Ou ka sezi sa, anndan la! Pa...Lepouz pa pral deyò a la ap travay nan viy lan. Non, mesye. Li se Lepouz. Li se Rèn pou Wa a. Se lòt yo ki va ap travay deyò a la, antan ke nasyon, pa Lepouz. Amèn. Dakò.

197 Remake mesaj sa yo la, mesaj sa yo nan Apokalips...:12, de pwofèt sa yo, yo va preche ke, "Wayòm lan pwòch!" Ou wè? Wayòm Syèl la pral etabli. Tan an, dènye twazan edmi swasann dizyèm semèn Danyèl la, ke yo te pwomèt Jwif yo, pèp li. Sonje kounye a, ke, pou pwouve sa, ke se dènye pati swasann dizyèm semèn Danyèl la. Mwen gen on kesyon sou sa pou demen. Ou wè?

198 Bon, yo te pwomèt swasann dis semèn, ki te fè sètan. E nan mitan sèt semèn yo, Mesi a te dwe retranche, pou te vin on sakrifis. Li ta pral pwofetize pandan twazan edmi, e apre sa li ta pral retranche, pou vin on sakrifis pou pèp la. E genyen toujou yon rès ki te detèmine,

twazan edmi sa toujou te detèmine pou Izrayèl. Alò, lè Mesi a te retranche, Jwif la te avegle pou l patka wè ke se te Mesi a.

199 E, apre sa, kan Mesi a te retranche, alò Levanjil la ak aj gras la te vin jwenn moun lòt Nasyon yo. E yo te desann vini, epi Bondye te rale youn *isit la epi la, e isit la epi la*, pou mete yo de kote anba mesajè yo.

200 E Li te voye premye mesajè a, li te preche, e yon twonpèt te sonnen; pandan n ap reprann li, apre yon bout tan. Epi, apre sa, twonpèt la te deklare lagè. Twonpèt toujou pale de gè. Mesajè a, anj lan te vin sou tè a, mesajè pou tan an, tankou Luther, tankou nenpòt mesajè sa yo ke nou te pale de yo a. Kisa l fè? Li rive; epi yon So te louvri, te revele; yon twonpèt sonnen, lagè te deklare, e yo te pati. E apre sa mesajè a mouri. Li sele gwoup sa; yo te antre. E yon fleyo tonbe sou sila yo ki te rejte L. Ou wè?

201 Apre sa li kontinye, epi yo òganize l, fè yon lòt òganizasyon. Nou jis sot wè l. Apre sa, men yo ki te soti avèk yon lòt pwisans, ou wè, yon lòt pwisans, yon lòt aj legliz, yon lòt ministè. Epi, kan li te fè sa, men Bondye ki te parèt ak ministè Li, kan antikris la te vini ak pa l. Ou wè, *anti se “kont.”* Yo te mache kòt a kòt.

202 Mwen vle w remake yon ti kichòy. Jis apeprè nan moman ke--ke Kayen vin sou tè a, Abèl vin sou tè a. Mwen vle w remake, jis apeprè nan moman ke--ke Kris te vin sou tè a, Jida te vin sou tè a. Apeprè nan moman Kris te kite tè a, Jida te kite tè a. Jis apeprè nan moman ke Sentespri a--a te desann, espri antikris la te desann. Jis apeprè nan moman Sentespri a t ap revele Tèt Li la nan dènye jou yo, antikris la t ap montre koulè l, t ap vini ak politik li e lòt bagay. E jis apeprè nan moman antikris la ap aji limenm plènm sou...sou sèn lan; Bondye ap aji Limenm plènm, pou rachte tout bagay la. Ou wè, jis ap fè kous yo, jis ansanm. E toulède, yo, kòt a kòt. Kayen e Abèl! /Frè Branham frape men l ansanm yon fwa--Editè a./ Kòbo a ak kolonb lan, nan ach la! Jida ak Jezi! E jis kontinye ap desann, ou ka sezi l. Jis...

203 Men Moab ak Izrayèl; toulède. Moab pat yon nasyon payen. Non, mesye. Yo te ofri menm sakrifis ke Izrayèl te ofri. Yo te priye menm Bondye a. Egzakteman. Moab te gen apèl-...Se te youn nan pitit fi Lòt yo ki te kouche avèk papa l, pou l te gen yon timoun. E timoun sa te rele Moab. E de li ras Moab la te gaye, peyi Moab la.

E kan yo te wè Izrayèl, frè rachte yo a, ap vini.

204 Yo te fondamantal. Yo te yon gwo denominasyon. Izrayèl pat gen denominasyon; li te jis ap viv anba tant kèlkeswa kote w te ale a. Men Moab te gen diyètè, wa, elatriye. E yo te gen Balaram anwo a la, yon--yon fo pwofèt. E yo te gen tou sa. Epi yo te desann la pou modi ti frè yo ki te sou wout la pou ale nan latè promiz, ki pral chache pwomès li.

205 E li te pati al mande yo, “Èske m ka travèse peyi w la? Si bèf mwen yo bwè dlo, m va peye pou sa. Si yo manje zèb, nou va peye pou sa.”

206 Li te reponn, “Non. Ou pap òganize okenn revèy konsa bò isit la. Se vre. Ou pap òganize okenn bagay konsa bò isit la.”

207 Epitou siveye kisa l te fè. Li te retounen toutswit sou fòm Jezabèl, e li te vini pa fo pwofèt sa, pou te koz timoun Bondye yo komèt erè. E yo te marye fanm Moabit fè yo antre pami--pami Izrayèl, e sa te koze yo tonbe nan adiltè.

208 E li te fè menm bagay la, nan menm aj sa, pandan vwayaj la, sou wout yo pou Latè pwomiz, kote nou kanpe a. Kisa l te fè? Fo pwofèt te vin toupre epi li te marye, li te rele legliz Pwotestan, e l te koz yo vin denominasyon, jis egzakteman sa yo te fè laba la. /Frè Branham frape kat fwa sou chè a--Editè a/

209 Men vyep ti Izrayèl te avanse, kanmenm. Li te trennen nan dezè a pandan lontan, e tout ansyen konbatan yo te dwe mouri, men li te jis avanse antre nan latè pwomiz. Ya. Wi. Obsève yo tout ame, jis anvan yo te travèse Jouden an. Ha-ha! M renmen sa. Bon nou pral desann nan aj sa kounye a, la, kounye a menm. Remake.

210 Bon nou jwenn, ke tan an, dènye a (mwen te di) twazan edmi nan swasann dis semèn Danyèl yo.

211 Kite m eksplike sa on tijan pi presi kounye a, paske m wè yon moun la ki toujou ap siveye sa, e mwen--mwen vle eseye fè m klè; se yon anseyan.

212 Remake kan swasann dis semèn yo te vini. Kan Danyèl te wè vizyon tan an ki t ap vini, epi fen Jwif yo, men li te di gen swasann dis semèn ki te detèmine. Sa se sètan; nan mitan l, ebyen, Mesi a t ap la, oswa, li t ap retranche, antan ke sakrifis. Bon, se egzakteman sa ki te rive.

213 Apre sa, Bondye te trete avèk moun lòt Nasyon yo jiskaske yo te pran yon pèp pou Non Li. Menm kote Legliz moun lòt Nasyon yo te konplè, li te pran Legliz la fè l monte.

214 E kan Li te fè sa, vyèj andòmi yo, legliz limenm...Lepouz te monte. E legliz limenm te retwouve l nan “tenèb deyò a, kote ki gen kriye, ak jemisman, ak dan sere.” Nan menm moman an, Tribilasyon an tonbe sou pèp sa.

215 E pandan Tribilasyon an t ap tonbe, lè sa de pwofèt Apokalips 11 sa yo vini, pou preche yo Levanjil. E yo te preche mil, san...swasant jou. Ou wè? Ebyen, sa bay egzakteman, avèk

trant jou nan mwa a tankou l ye nan vrè almanak, sa fè egzakteman twazan edmi. Se pati swasann dizyèm semèn Danyèl la, dènye pati swasann dizyèm semèn lan. Ou wè?

Bondye pat trete avèk Izrayèl la. Non mesye.

216 Yon frè te mande m, sa pa fè lontan, li te di, “Èske m dwe ale...” Yon--yon frè la nan legliz la, chè frè presye a, te di, “Mwen--mwen vle al an Izrayèl. Mwen kwè gen yon revèy.”

217 Yon moun te di m, “Frè Branham, ou ta dwe al an Izrayèl kounye a la. Yo t ap sezi l.” Ou wè, ou paka fè sa.

M te kanpe jis la, e m te panse...

218 Jwif sa yo te di, “Si m...Ebyen, si se sa, Jezi se Mesi a--a--a,” li te di, “kite m wè L akonpli siy yon pwofèt. Nou kwè pwofèt nou yo, paske se sa yo--yo sipoze ye.”

219 “Ala yon plan byen fèt,” mwen te panse. “Mwen prale!” Lè m te rive jis la, toupre l, jis...mwen te, ebyen mwen te o Kèr. E mwen te gen tikè m nan men m, pou Izrayèl. E m te di, “Mwen, mwen prale, pou wè si yo mande sa, si yo ka sezi siy yon pwofèt. Nou pral wè si yo pral aksepte Kris.”

220 Lewi Pethrus, nan legliz ki Stockholm lan, te voye yon milyon Bib pou yo.

221 E Jwif sa yo t ap vin la! Nou te wè fim lan. Mwen genyen l nan bann orijinal la, jis laba la kounye a, *Twa Minit Anvan Minwi*. E Jwif sa yo ki t ap antre, soti patou nan mond lan, tout kote, te kòmanse ap rasanble laba.

222 Apre Langletè te ale laba, nan tan Jeneral Allenby, nan Deklen Gè Mondyal La, dezyèm volim lan, mwen kwè sa ye, e yo te abandone, Turk yo te abandone, apre sa li te retounen bay Izrayèl li ankò. E li t ap grandi antan ke nasyon, e kounye a li se yon nasyon pafè: avèk pwòp lajan l, deviz li, drapo l, ame l, ak tout lòt bagay. Ou wè?

223 E Jwif sa yo, pandan yo t ap rantre nan tè natal yo, yo te...Tou dabò, kan yo te ale an Iran, epi anba la, pou yo te pran yo, yo te mande...Yo te di...li te di...Yo te vle mennen yo tounen an Izrayèl, pou ba yo plas yo a; mennen yo tounen nan peyi yo, Palestin, kote yo te sipoze ye.

224 E, sonje, toutotan Izrayèl rete deyò peyi sa, li an deyò volonte Bondye; tankou Abraham, ke yo te bay li a. E kan...

225 Yo pat vle anbake nan avyon sa. Yo pat janm te konn wè yon bagay konsa. Te gen yon vye raben ki te avanse desann la, pou di, “Pwofèt nou te di nou, ke, kan Izrayèl pral lakay li, sa va ‘sou zèl yon èg,’” nan avyon, yon mwayen pou al lakay.

226 Li la kounye a, ap bati. Figye a ki ap restore! Amèn! Etwal ak sis pwent David la ap flote!

227 “Tan moun lòt Nasyon yo konte, ak zouti kiltivatè ankonbran!” Peryòd Tribilasyon an toupre la!

228 E pandan n kanpe jis la, epi So yo ap louvri, Legliz prè pou pran vòl Li dan lèzè!

229 E Tribilasyon va tabli, alò Bondye desann pou rale san karant kat mil yo soti la. Amèn! La, o, sa pafè! Ou wè ki kote So yo mennan kounye a, ou wè, èske sa louvri? Bon, sa a se dènye twazan edmi pou pèp la. Epitou, si w remake, se moman kote Bondye va rele san karant kat mil Jwif sa yo, nan dènye twazan edmi sa a.

230 Ou wè, Li pat trete avèk yo, ditou. Yo pat gen on pwofèt. Yo pap kwè okenn lòt bagay ke yon pwofèt. Ou pap twonpe yo. Kifè, yo pral tande on pwofèt, wi, mesye, e se tou. Bondye te di yo sa o kòmansman e yo te jis rete avè l.

231 Li te di, “Bondye Seyè w la va sisite yon Pwofèt, tankou m, nan mitan nou.” Moyiz te di sa. E l te di, “Se Li ke nou va tande. E nenpòt moun ki pa pral tande Pwofèt sa, va retranche pami pèp la.” Se jis.

232 E, ou wè, jye yo te dwe avegle, sinon yo tap rekonèt Li. Olye sa, kòm yo te avèg, yo te...Sa te pèmèt Satan gen aksè a yo, e yo t ap di, “Li se yon divinò, Bèlzeboul. Ke san l tonbe sou nou. Nou konnen li pa anyen.” Ou wè?

233 E pòv moun yo yo te avèg. Se poutèt sa gwoup nan tan Eichmann yo ak tout gwoup sa yo te sakrifye laba la. Yo te gen dwa pou yo antre; pwòp Papa yo te bouche jye yo pou L te ka pran nou.

234 Se bagay ki fè plis pitye nan Lèzekriti, vrèman. Jis panse la, Jwif yo, ki ap mande San pwòp Papa yo, pwòp Bondye yo pandye la, ap senyen. Gade, “La yo te krisifye L,” Bib la di sa. Sa se kat nan pi gran mo. Gade. “La,” Jerizalèm, vil ki pi sen nan mond lan. “Yo,” pèp ki pi sen nan mond lan. “Krisifye,” lanmò ki pi brutal nan mond lan. “Li,” Moun ki pi enpòtan nan mond lan. Ou wè? Poukisa? Moun relijye yo, pi gran relijyon nan mond lan, sèl vrè relijyon nan mond lan, te kanpe la, ap krisifye Bondye menm ke Bib yo a te di ki t ap vini an.

235 Poukisa yo patka wè l? Bib la di nou ke Bondye te avègle yo pou yo patka wè l. Yo...Li te di, “Kilès lan nou ki ka akize M ke M peche?” Nan lòt mo, “Si M pat fè egzakteman sa ke yo te

predi M t ap fè, alò ke nou di Mwen.” *Peche* se “enkredilite.” Li te fè egzakteman sa Bondye te di L, men yo patka wè l.

236 Bon lè w ap pale ak moun yo, se jis tankou vide dlo sou do kana. Èske nou wè sa m vle di a? Se yon bagay ki fè pitye, kan w ap gade nasyon sa ak moun yo, fason y ap fè, si tèlman rijid ak relijyon! Men èske Sentespri a pat di nou sa? “Yo va gen tèt di, frekan, renmen plezi plis ke Bondye, enfidèl, fo akizaté, san retni, epi meprizan konsènan sila yo ki moun de byen. Yo va gen pyete pou lafòm, men yo va renye Pwisans Levanjil la.” Li te di, “Elwaye w, de moun konsa.”

237 Men nou rive la, denominasyon sa yo te tòdye Sa. Yo pran tout glwa ak Pwisans lan, pou konekte L ak apot yo, epi rès La pou Milenyòm. Se jis tankou yon nonm, jan m te di l anvan an; lòm toujou ap bay Bondye louwanj pou sa L te fè, ap atann li a sa Li pral fè, epi inyore sa L ap fè kounye a. Se egzakteman sa. Pou lòm se ankò menm bagay la.

238 Men Jwif sa yo ki te kanpe la, ap di, “Glwa pou Bondye! Ebyen,” nan chapit sis Sen Jan, li te di, “papa nou te manje laman nan dezè a!”

E Jezi te di, “Yo tout, te mouri.”

239 Yo te bwè dlo ki te soti nan Woche nan dezè a, ak tout lòt bagay.

240 Lii te di, “Mwen se Woche a.” Se jis. Amèn. Li te di, “Men Mwen se Pen Lavi a ki te soti nan Bondye nan Syèl la, Pyebwa Lavi nan Edenn byen lwen laba. Si yon nonm manje Pen sa, li pap mouri; Mwen va resisite l a nouvo nan dènnye jou yo.” E malgretou yo patka wè !! Se vre.

241 Mesi a menm te kanpe la, ap pale pawòl menm ki te nan kè yo, ak bagay konsa, ap montre ke Li te Mesi a, jis sa Mesi a te sipoze fè!

242 E men yo ki te kanpe la avèk men yo dèyè do yo, epi ap eksprime, “Huh! Se pa posib. Non, non. Li--li--li pat vini dapre tandans nòmal la. Ou wè, li soti de Betleyèm. Epi li--li pa lòt bagay ke yon timoun ilejitim. Se dyab la ki ap manifeste sou li. Nou--nou konnen ke li pèdi tèt li. Li fou. Li posede ak demon.” Ou wè? Jye yo an reyalite te avegle sou sa.

243 Bon, men yo t ap tann pwofèt yo. E yo pral resevwa l, yo pral resevwa de. Se jis.

244 Bon remake, ankò, kounye a, tou, kan Jwif sa yo...M pral ba w yon lòt ti senbòl pou w ka reyalize ke se Jwif ki la kounye a, sou bò isit Anlèyman an. Obsève sa k te rive. Li sou fòm senbòl tou...Nou pap pran anpil tan pou fè sa, paske nou--nou an reta la. Sa te senbolize tou

nan... nan sa yo rele “Peryòd twoub Jakòb la.” Kounye a gade. Jwif sa yo la te...Remake. O, se yon...

245 Mwen--mwen--mwen pral pran jis on ti tan la, ou wè, Sa mete m sou tansyon lè m kòmanse ap evite toutotou konsa. Epi...Ou wè? Remake. Mwen vle w sezi l. E mwen--mwen--mwen jis...Ebyen, Bondye va montre w li, mwen sèten. Gade.

246 Jakòb te gen dwadenès la. Èske se vre? /Kongregasyon an di, “Amèn.”..Editè a./ Men se sèten ke l te gen yon ti diplis avè l. Ou wè? Li t al anba e li te twonpe papa l. Li te twonpe frè l. Li te fè tout bagay. Men, poutan, dapre lalwa, toupatou, li te posede l, paske Ezawou te vann li. Men apre sa kan l te anba la ap travay pou bò-pè l, li te mete branch bwa peplye sa yo nan dlo, pou l te rann betay ki ansent yo ak lòt bagay konsa akouche ti bèf ak tach. E, o, ou konnen tout bagay konsa ke l te fè, se te jis pou--pou fè lajan. Bon obsève, kounye a. Yo te rejte l pami pami moun li yo.

247 Bon, se yon tip Jwif yo kounye a. Li se yon mastè-brenn. Pe enpòt mwayen li pran an, li va posede l. Li va kòche w vivan, pou pran l. Bon, ou konn sa. Li se on ti chat, se tou. Gason mwen, piga w trete avè l; li--li va plwaye w nan pòch li, gason mwen. Wi, mesye. Poukisa? Li oblije konsa. Se jan de espri ki ap domine l la.

248 Jis egzakteman menm jan ak refòmasyon yo, ki patkab konprann Pawòl sa, paske se te espri vizaj dòm lan ki te sou yo.

249 Se aj èg la ki gen Pawòl la ak revelasyon an. Tout moun ki konprann sa, leve men nou, pou m ka...Se bon. Se byen. Ou wè? Se bon. Bon, ou wè, si nou ka retounen la sou So sa yo, si yo ta dwe janm...Kan yo te louvri, nou ka wè egzakteman sa Bondye ap fè, sa l te fè, sa Li pral fè. Men ni, egzakteman.

250 E se rezon sa kifè lèzòm te aji fason sa, paske se espri sa ki te predi pou aj sa, ki te sou yo. Yo patka fè anyen lòt.

251 M ap panse ak Jan, Pòl, ak lòt yo, Espri lyon sa la, l-i-o-n lan ki kanpe la, Pawòl la Limenm.

252 Pòl te pran pozisyon drèt ak Pawòl sa, pou di, “Mwen konn sa, ke va gen fo frè ki va leve pami nou, pou ale toupatou. E ke yo va fabrike, denominasyon ak tout lòt bagay, pami nou, e sa yo va fè. Epi sa va kontinye jis nan dènye jou yo, ak moman tèrib.” Poukisa? Li te yon pwofèt. Men Pawòl sa ki te nan li. Jan sa ta pral fini, byen lontan la; pou di, “Dèzòm fo pami noumenm va leve, pou pale de bagay, e yo va atire dè frè ki se dè disip.” Se egzakteman antikris la. Li te jis fè sa egzakteman.

253 Remake apre yo t al nan aj tenèb tribilasyon an. Kisa sa te ye? Pat gen anyen yo te ka fè. Wòm te posede...Li te gen pouvwa relijye a, e li te gen pouvwa politik la. Pa gen anyen yo te ka fè, ke jis travay pou rete an vi, epi ofri tèt yo an sakrifis. Se te yon bèf. Se tout sa ke yo te ka fè. Se jan d Espri yo te genyen an, Lespri Bondye, bèf la.

254 Apre sa, men refòmasyon yo, vizaj lòm lan, anpil riz, saj; Martin Luther, John Wesley, elatriye, Calvin, Finney, Knox, ak lòt rès yo. Men yo ki te avanse, e, kan yo te fè sa, yo te dè refòmasyon yo. Yo te prezante yo, ap refòmasyon, ap fè pèp la soti.

255 Epi yo te retounen dèyè ankò, egzakteman tankou yo te fè l labi, pou yo te marye drèt avè l ankò, sou baz sistèm denominasyon yo, jis egzakteman. Bib la di sa. Li te youn k ap "trennen" e konsa li te gen dè "pwostitye" kòm pitit fi, jis egzakteman.

256 E Bondye te di, "Mwen--mwen ba l tan pou repanti l, e li pat fè l. Kifè M pral pran l ak desandan l yo, pou jete yo labi kote k pou yo." Se egzakteman. Bon, sa, Bondye te di sa, sou baz sa a, ou wè, sou baz So a. Kounye a, li te la. Nou jwenn ke Li te fè sa, e Li va refè l. E yo, yo chak, t ap dirije yo konsa.

257 Men, pou tout moun ki gen non yo nan Liv Lavi a, Bondye va rele yo. Yo va tande Sa. "Brebi M yo tande Vwa M," se sa Jezi te di. Sèl bagay nou dwe fè se lanse yon apèl-pou-brebi, "brebi M yo tande Vwa M." Poukisa? Kisa Vwa a ye? M vle di w kisa yon Vwa ye. Yon vwa se yon--se yon siy espirityèl.

258 Li te di Moyiz, "Si yo pa tande Vwa premye siy lan, yo va tande Vwa dezyèm siy lan."

259 "Brebi M yo tande Vwa M." Alòske bagay sa yo sipoze rive nan dènye jou yo, brebi Bondye a rekonèt Sa. Wi, mesye. Ou wè? Yo--yo rekonèt Sa. "Brebi M yo konnen M." Ou wè? "Yo pap swiv yon etranje." Piga nou swiv etranje sa yo. Sa dwe yon siy konfime pou jou a, epi yo wè L. Bon, kounye a remake.

260 Bon, Jakòb, pandan l ap vini kounye a, premye sa w aprann, li te gen yon anvi pou ale (kibò?) retounen nan peyi l.

261 O, Se egzakteman sa Izrayèl te fè! Se--se...Sa se Izrayèl. Jakòb se Izrayèl. Li jis te gen non l ki te chanje, ou konnen, Ou wè? E li...

262 Li te soti la, e li te gen tout lajan ke l te posede yo, e li te genyen l, epi li te ka mennen l tout kote, pou moun nan parante l oswa nenpòt lòt moun lan. Kifè, li t ap triche, ap vòlè, ap manti, pa tout fason li te ka genyen l lan, li te fè sa. Ou wè? Li te fè l.

263 E apre sa kan I te kòmanse ap retounen lakay, li dwe te gen yon anvi rantre lakay nan kè l. Men pandan li te kòmanse ap retounen, sou chemen retou li, li te rankontre Bondye, alò non I te chanje. Ou wè? Men, nan moman sa, li te tèlman ap enkyete l, paske li te pè Ezawou ki t ap vin dèyè l. Ou wè?

264 E--e obsève, obsève lajan an, pwopozisyon avèk lajan an. Jis tankou Jwif la pral eseye fè alyans sa ak--ak Wòm, ou wè, nan pwopozisyon ki gen zafè lajan an. Remake sa. Ezawou pat bezwen lajan l lan; Wòm tou. Li gen richès mond lan nan men l. Ou wè? Men sa pat mache.

265 Men nou dekouvri kounye a, ke Izrayèl, nan moman twoub sa, kan li te Jakòb, li te lite avèk...li te met men sou Yon Bagay ki te reyèl. Men yon Nonm ki t ap desann. Jakòb te pase men l lan kou l, e li te rete la. Epi--epi Kanmarad la--la te di, "Mwen oblije ale kounye a. Jou ap leve." O, moman jou leve sa! Ou wè? Li te sou pwèn fè jou.

266 Men Jakòb te di, "M--m pap kite W ale. Ou, Ou paka ale. M pral rete drèt avè W." Ou wè? "M vle bagay yo chanje la."

267 Sa se san karant kat mil yo, gwoup k ap dèyè lajan sa yo, ak lòt bagay konsa, kan yo wè verite a, pou kenbe bagay otantik la. Men Moyiz ki kanpe, e men Eli ki kanpe. Amèn! Yo va lite ak Bondye jiskaske yo rele san karant kat mil nan tribi Izrayèl yo drèt la.

268 Sa se jis anvan peryòd Tribilasyon an, ou wè, (o se pa tikras mèvèy) tou, "peryòd tan twoub Jakòb la."

269 Men kilè yo rele san karant kat mil yo. Yo, predikatè yo--yo, de pwofèt sa yo, yo va preche tankou Jan Batis. "Wayòm Syèl la pwòch. Repanti, Izrayèl!" Repanti pou kisa? "Repanti pou peche w yo, enkredilite w yo, epi retounen al jwenn Bondye!"

270 Kounye a annou sonje yon bagay la. Grann reyalizasyon sa yo, nan natirèl, te rive deja. Nan vèsè 12 la la, ou wè, "Solèy la te vin tou nwa tankou krinyè chwal." Bon konpare sa a.

271 Bon, sonje, sa pat rive nan dispansasyon moun lòt Nasyon yo. Se pou Izrayèl. Kite m montre w. Bon, sonje, mwen te di se apèl san karant kat mil yo. Ou wè? Nan moman sa kounye a, se lè peryòd Tribilasyon an, ki ap pwovoke sa. E sa va di w kisa k rive pandan peryòd Tribilasyon sa.

272 Kounye a ann al nan Egzòd 10:21-23. Epi obsève la kan...Egzòd se lè, natirèlman, Izrayèl t ap soti, yo ta pral chwazi l. Egzòd, chapit 10, epi vèsè 21 e 23. Mwen te tèlman eksite ap rele, kan m te ekri nòt sa yo, ke pafwa mwen ka melanje yo. Dakò, Egzòd 10:21-23. Dakò, ann ale, 21 et 23.

E Seyè a te di Moyiz, etann men w nan direksyon syèl la, pou kapab gen tenèb sou tout peyi Lejip, si tèlman ke w kapab touche l.

E Moyiz te etann men l nan direksyon syèl la; e yon tenèb byen epè te vini sou tout peyi Lejip pandan twa jou: (Ou wè?)

Kounye a, youn patka wè lòt, e pèsonn patka kite plas li non plis pandan twa jou: men...timoun Izrayèl yo te gen limyè kote yo te abite a.

273 Remake, se egzakteman sa, kounye a vin bò isit: “E solèy la vin nwa tankou on gwo moso twal.” Nou wè, menm bagay la! Bagay sa yo kap rive lanati, kisa l te ye? Kisa? Lè gon bagay ki rive lanati konsa, se toujou Bondye kap rele Izrayèl. Nou wè? Bondye ap rele Izrayèl. Konsa: “Solèy la nwa tankou...cheve.” Kounye a, Bondye te sou pwen delivre Izrayèl la a, ok, delivre yo anba men lènmi yo, ki te Lejip, epòk sa a.

274 Kounye a, la a, Lap delivre yo anban men Wòm, kote yo te fè alyans yo. Menm bagay la rive. Sa se fleo yo, moman an-an lè fleo sa yo pral rele, pral frape gwoup dè Nasyon sa a. Si nou te gen tan, m te ka montre nou sak pral rive egliz dè Nasyon sa a.

275 Bib la di ke, “dragon an-an, Satan, te move (sa vle di, fache) avèk fanm lan (Jwif yo, Izrayèl), e ke li fè anpil dlo soti nan bouch li, foul moun, ki ta pral fè lagè ak rès semans fanm lan.” Apokalips 13. Kounye a, nou wè la a, se sa nou genyen. E sa se lè Izrayèl voye... m vle di, Wòm voye lame li kont rès, rès semans fanm lan.

276 Kounye a gade. Premye fwa ke L te delivre yo anba men lènmi yo, solèy la te vin on twal... nwa tankou on gwo moso twal. Kounye a, sa se dezyèm fwa a, fen peryòd Tribilasyon an.

277 Kounye a, nan Danyèl 12. Si nou te gen tan, nou te ka li l. Nan Danyèl, 12yèm-12yèm vèsè a... 12yèm chapit, pito. Danyèl te di ke: “Tout moun ke yo te jwenn non yo ekri nan Liv la pral delivre.” Kounye a, sonje, Danyèl ap pale de peryòd sa a lè... bagay sa a sipoze rive, lè Izrayèl dwe delivre, nan fen swasanndizyèm semèn yo. E se lè sa a yo sipoze delivre. Kounye a gade. Ann pran Danyèl 12 isit la, jis on minit.

Lè sa a, Michèl, gwo zanj k'ap veye sou pèp ou a...sou-sou pèp ou a, ap parèt (nou wè, sa se Jwif yo) . Se pral yon... tan kè sere... moun poko janm wè depi yo sou latè...

278 Kounye a, konpare sa a, se egzakteman sa Jezi te di. Matye 24: “Va gen yon gwo lafliksyon, moun poko janm wè depi nan konmansman lè Bondye t'ap kreye latè a jouk jòdi a.” Gade Sizyèm So a, nou wè, menm bagay la, on tan kè sere. Remake.

...depi yo sou latè. Lè lè a va rive, tout moun ki fè pati pèp ou a...(La a, nan swasanndizyèm, dènye pati setyèm ane a.)... epi ki gen non yo ekri nan liv Bondye a, va sove.

279 Predestine yo, nou wè, ki ekri nan Liv Lavi Ayo an pral delivre nan moman sa a.

Anpil nan moun ki te mouri deja yo pral leve vivan ankò. Gen ladan yo ki pral jwi lavi ki p'ap janm fini an. Gen lòt ki pral wont, yo pral souffri avilisman ki p'ap janm fini an.

Moun ki gen lespri yo pral klere tankou limyè nan syèl la. Moun ki te moutre jan pou moun mache dwat yo va klere tankou zetwal pou tout tan tout tan.

280 Apresa, la a, li di Danyèl pou l “fèmen Liv lan,” paske li ta pral repoze nan tè li jiske nan tan sa a.

281 Kounye a, nou wè, li pa fè okenn diferans ke w viv ou mouri. Ou pral resisite, de tout fason. Nou wè? Pa... mouri, sa pa anyen pou on Kretyen. Li pa mouri, de tout fason. Nou wè?

282 Kounye a, nan Danyèl 12, li di ke tout moun yo jwenn non yo ekri nan Liv la ta dwe delivre.

283 La a, Bondye sou pwèn delivre dezyèm fis Li, Izrayèl, apre Tribilasyon an. Nou wè, dezyèm, fwa a, Izrayèl, Pal... Izrayèl se fis Li. Nou konn sa. Israyèl se fis Bondye, alò Li pral delivre l la a nan peryòd Tribilasyon an, egzakteman menm jan L te fè l nan Lejip.

284 Kounye a, ann kanpe la ankò, e-e nou pral pran on lòt bagay, pou, anvan nou pote l lakay. Kounye a gade la a. De pwofèt sa yo, gade sa yo pral fè kounye a, menm jan Moyiz ak lòt yo te fè lòt bò a. “E yo te ban m on wozo...” E vèsè 3, chapit 11 lan.

M'ap voye de temwen m' yo ak rad sak sou yo, pou yo fè konnen mesaj Bondye a pandan mil desanswasant (1.260) jou.

De temwen yo se de pie oliv,...

285 Nou sonje, e Zowobabèl, e ensidswit, te dwe rebati tanp lan.

... de lanp ki kanpe la devan Mèt tout latè a.

... Si yon moun... chache fè yo mal, dife ap soti nan bouch yo,...

286 Sonje, epe a, Pawòl la, soti nan bouch Kris la.

... l'ap detwi tout lènmi yo. Se konsa moun k'ap chache fè yo mal gen pou mouri.

287 Kounye a, nou konnen, “dife” a, nan chapit 19, sa Vini Kris la, “Epe Li soti nan bouch Li,” ki te Pawòl la. Pa vre? Pawòl la! Oh, si nou vle pran done sa a kounye a, pou So demen swa a! Nou wè, Pawòl la se bagay la ke Bondye pran pou touye lènmi Li. Nou wè?

288 Kounye a gade la. Lè pwofèt sa yo ap pwofetize, yo... Si on moun maltrete yo, fè yo mal: “dife soti nan bouch yo,” Dife Sentespri, Pawòl la. Pawòl la se Bondye. Pawòl la se Dife. Pawòl la se Lespri. Nou wè? “Soti nan bouch yo.”

289 Gade Moyiz. Ann wè sak soti nan bouch li. Yo, Izrayèl, yo kòmanse, jan yo tap fè, m vle di, Lejip, yo tap maltrete Jwif sa yo. Moyiz... Eben, yo pat vle kite yo ale. Farawon pat vle. Bondye mete pawòl yo nan bouch Moyiz. Nou wè, se panse Bondye ki antre nan kè Moyiz; kounye a li pral lòt bò a pou eksprime yo, apres a yo vin Pawòl la. Li lonje men l, li di: “Se pou gen mouch,” e men mouch yo vini. Gade la a.

Si yon moun chache fè yo mal, dife ap soti nan bouch yo, l'ap detwi tout lènmi yo:...

290 Nou wè? Men li. Yo ka pwononse sa yo vle, e men, li rive. Amen!

...Si yon moun... chache fè yo mal, yo gen pou mouri.

291 Frè, Bondye antre sou sèn lan la a!

Yo gen pouvwa-pouvwa fèmen sièl la pou okenn lapli pa tonbe lè y'ap fè konnen mesaj Bondye a:...

292 Eli, li konn kijan pou fè sa; li fè l deja. Amen! Moyiz konn kijan pou fè sa; li fè l deja. Se poutèt sa yo te kenbe yo. Kounye a... Amen!

293 M te ka di on bagay ki vrèman byen isi a, men pito-pito m kenbe l jiska demen swa. Wè? Trè byen.

...Yo gen pouvwa tou pou yo fè dlo tounen san. Yo gen pouvwa pou yo fè tout kalite kalamite...tonbe sou latè, kantite fwa y'a vle li.

294 Kisa l ye? Kisa k kapab pwodwi bagay sa yo, si se pa Pawòl la? Yo ka kontwole lanati jan yo vle l. Men li. Se yo ki mennen Sizyèm So sa a. Yo devwale l e yo louvri l. Se Pwisans Bondye, ki entèwonp lanati. Nou wè, Sizyèm So a son entèripsyon konplè lanati. Èske nou sezi l kounye a? Men So ou. Kiyès ki fè l? Se pwofèt yo, lòt bò Anlèyman an. Avèk Pwisans

Bondye, Pawòl Bondye, yo jis kondane lanati. Yo ka pwovoke tranblemanntè, fè lalin la tounen san, solèy la ka kouche, ou nenpòt bagay, sou lòd yo. Amen!

295 Men li. Men li. Wè? Nou wè kijan So yo louvri, lòt bò a nan laj legliz la, kijan yo montre mati yo?

296 E kounye a, men de pwofèt sa yo ki kanpe la ak Pawòl Bondye, pou kontwole lanati jan yo vle l. Yo souke tè a. E li montre egzakteman kiyès ki fè l. Se Moyiz ak Eli, paske men ministè yo ki reprezante ankò, se de mesye sa yo. Oh lala! Èske nou wè l kounye a? [Kongregasyon an di : “Amèn.”-Ed.] Nou wè sa Sizyèm So a ye? Se de pwofèt sa yo. Kounye a remake. Pa kite sa toufe w. Men, gade kisa ki louvri So sa a, pwofèt! Nou wè? Whew! Amèn! Men nou.

297 Oh, nap viv nan jou èg la, frè, tèt wo nan mitan nwaj yo!

298 Yo louvri Sizyèm So sa. Yo gen pouvwa pou fè l. Amen! Men Sizyèm So nou kap louvri. Nou wè?

299 Kounye a nap tounen dèyè isit la, kote Jezi te di ke sa tap rive. Trè lwen nan Ansyen Testaman an, tounen nan Ezekyèl, tounen nan ansyen pwofèt yo, yo te di ke sa tap rive.

300 E la a, Sizyèm So a louvri, e yo di: “Eben, sa son bagay misterye. Kisa k fè l?”

301 Men sekre a, pwofèt yo, paske Bib la di l la a. Yo ka louvri l, nenpòt lè yo... Yo ka kontwole lanati jan yo vle l. E yap fè menm bagay yo te fè anvan, amèn, paske yo konn kijan sa fèt. Amèn! Glwa!

302 Lè m wè sa a, m jis leve de chèz mwen e m kòmanse mache monte desann planche a. M te panse: “Seyè, jan m remèsye W, Papa ki nan Syèl la!”

303 Men li. Se sa. Yo louvri Sizyèm So sa a. Amen! Gade yo: “Si yon moun fè yo mal, dife soti nan bouch yo”, Pawòl la. Sentespri a desann sou apot yo, nou wè. “Dife soti nan bouch yo.”

304 Kounye a remake, nan Apokalips 19, nou wè menm bagay la: “E on gran nepe soti nan bouch Li,” Pawòl la. Nou wè? Vini Kris la. “E Li touye lènmi L avè L.” Pa vre? [Kongregasyon an di: “Amèn.”-Ed.] Kounye a Li sou chemen L. Gade L kounye a. Trè byen.

Yo gen pouvwa fèmen sièl la pou okenn lapli pa tonbe lè y'ap fè konnen mesaj Bondye a:...

305 Oh lala! Men sa yo rele entewonp lanati! Kounye a, pandan konbyen tan èske-èske mesye sa a, Eli, te fèmen syèl la? [Kongregasyon an di : “Twazanedmi.”-Ed.] Men li, egzakteman. Konbyen tan dire swasanndizyèm, dènye pati nan swasanndis semèn Danyèl la? [“Twazanedmi.”] Men li, egzakteman.

306 Kisa Moyiz fè? Li-li-li fè dlo an-an tounen san. Li fè tout kalite mirak sa yo, jis egzakteman tankou sa ki te prevwa isit lasou Sizyèm So sa a. E men yo, nan Apokalips 11, ap fè egzakteman menm bagay la. Amen!

307 Gen twa kote diferan nan Ekriti yo, la a, ki byen melanje bagay la ansanm. Se ouvèti Sizyèm So a. Men li. Amen! Glwa! Kounye a remake.

Yo gen pouvwa fèmen sièl la pou okenn lapli pa tonbe lè y'ap fè konnen mesaj Bondye a... Yo gen pouvwa tou pou yo fè dlo tounen san... Yo gen pouvwa pou yo fè tout kalite kalamite tonbe... sou latè, kantite fwa y'a vle li.

308 Oh lala! Men li. Kounye a, vire la a nan fleo yo, nou wè. Lanati nèt entewonpi, nan Sizyèm Fleo sa a...oswa ouvèti Sizyèm So a. Se egzakteman sa k rive. Kounye a gade.

309 La a, Bondye sou pwèn delivre fis Li, Izrayèl, de tribilasyon an, menm jan Li te delivre l lòt bò a. Li te voye Moyiz lòt bò a epi L te delivre Izrayèl. Pa vre? [Kongregasyon an di: “Amen.”-Ed.] E L te fè egzakteman menm bagay sa yo. Li te voye Eli bay Akab, e sètmi moun soti. Pa vre? [“Amen.”] E L voye yo isit la ankò, nan moman Tribilasyon an, e Li rele san karant-kat mil yo pou soti.

310 Kounye a, wè, si nou remake, ant Apoka-... ouben ant chapit 6 la, ou Sizyèm Fleo a... So, eskize m, Sizyèm So a e Setyèm So a. Chapit 7 nan Apokalips, matematikman, li byen plase kòrèkteman.

311 Jis tankou Amerik se nimewo trèz: li kòmanse avèk trèz eta, trèz zetwal sou drapo a, trèz koloni, trèz bann. Tout bagay se trèz, trèz. E li parèt la a nan chapit 13 Apokalips. Se vre. Li se trèz, e li son fanm.

312 Kounye a, lè L te sou pwèn delivre sèl Fis inik Li, ki te sèl pitit Li. Jakòb se fis Li; men Li, se sèl Fis inik Li. Matye 27, ann wè kisa L fè la a. Matye, chapit 27. Kounye a, sonje, yo te bat pitit Gason L, yo te fè L souffri, e yo te moke l de Li. E kounye a, Li te pandye sou kwa a, a twazè nan apremidi, nan Vandredi Sen. Li prèske sou pwèn rive! Matye, chapit 27 nan Matye, epi vèsè 45 lan, m kwè ke l ye.

Vè midi konsa, vin gen yon fènwa sou tout peyi a, jouk twazè apre midi.

313 Kounye a gade byen kisa L fè isit la kounye a, nan. Nou wè?

Apre sa, mwen wè ti Mouton an kase sizièm sele a... Lè sa a, yon gwo tranblemanntè fèt, solèy la vin tou nwa, tankou yon gwo moso twal nwa byen pwès. Lalin lan menm te vin tou wouj tankou san.

314 Fènwa, tenèb! Lejip; fènwa, tenèb!

315 Bondye, kap delivre Jezi sou kwa a, jis anva Li resisite L. Premyèman, tenèb; solèy la kouche nan mitan jounen an, e zetwal te sispann klere. De jou apre, Li ta pral resisite L avèk on gwo triyonf.

316 Apre ke solèy la, lalin, zetwal yo, ak tout bagay, apre ke tout bagay sa yo te pase, an Lejip, Li te delivre Izrayèl pou mennen l nan tè pwomiz la.

317 Men li, nan peryòd Tribilasyon an, e men pwofèt sa yo ki kanpe la a ki gen kontwol Pawòl la ke Bondye bay yo. Yo sèlman ka pale lè Bondye bay yo Pawòl la.

318 Sepandan, yo pa dè dye. Yo tanporèman... Yo ye l de fason amatè, paske Jezi te di se sa yo ye. Li te di: “nou rele yo dè dye, a ki Pawòl Bondye a te vini.” Men, gade, se yo menm a kiyès Bondye pote Pawòl la. E lè li pwononse L, li rive. Se fini.

319 E men li avèk on komisyon Bondye, pou frape tè a, ak tout sa l vle (oh lala), pou fèmen syèl la. E li fè l. Kisa kap pase? Lap ranje pou l fè san karant-kat mil yo soti, pou rachte yo, sa yo ki nan Liv Redanmsyon an. E sa a anban So Redanmsyon an, nan Sizyèm So an. Se sa, zanmi byeneme. Sa se Sizyèm So an; ki te tèlman misterye.

320 Annou jis pran... Nou gen diz lòt minit. Annou jis pran on ti kal, nou wè. M gen apeprè de ou twa paj. Eben, m gen... Nou ka wè, la a. M panse gen apeprè... Pou sa a, m panse m gen apeprè kenz paj ki rete, ke m te ka pran. Oh, tèlman gen bagay sou sa! Oh lala, ou jis ka kontinye ale de yon kote a yon lòt! Men m pè m pral konfonn nou si m gaye twòp. E mwen pa... E m pa ka kenbe l ansanm jan m ta dwe.

321 Nan Ezayi, annou pran sa. Ezayi, pwofèt la, te wè Sizyèm So sa louvri, e l te pale de Li; pou montre si Li enpòtan ou non. Nou wè?

322 Eben, tout bagay la, tout plan redanmsyon an, repoze sou So sa yo; tout Liv la.

323 Kounye a sonje, nou wè ke Jezi te wè L. Pa vre? Nou wè? Jezi te wè L. E kounye a nou jwenn lòt moun ki te wè L. Nou wè L kòm on tip nan-nan Jakòb. Nou wè L kòm on tip nan Lejip. Nou wè L kòm on tip sou kwa a.

324 Kounye a ann tounen nan Ezayi. M ekri on pakèt lòt pwofèt la a, tou. Ann jis... M renmen sa a, sa a nan Ezayi. Ann tounen la a nan Ezayi, chapit 13 nan Ezayi. M renmen.

325 Ezayi se-se tout Bib la, pou kont Li, nou konnen. Èske nou te konn sa? Wè, Ezayi kòmanse ak kreyasyon an; nan mitan Liv la li prezante Jan; e nan fen an li prezante Milenyòm lan. E gen swasant-sis Liv nan Bib la, epi swasant-sis chapit nan Ezayi. Se tout ansiklopedi a, a Li sèl.

326 Remake, chapit 13 la kounye a, nan-nan Ezayi. Ann kòmanse isi a nan vèsè 6 la.

Nou mèt plenyen kont kò nou, paske jou Seyè a pre rive! Li va vini tankou yon destriksyon nan men Toupwisan an.

327 Gade Sizyèm So sa a k ap louvri isi a kounye a. Byen lwen dèyè isi a, sètisan trèz lane anvan Kris vini, e Li te la a sa fè demil an, sa tap fè apeprè sèt...apeprè demil sètisan zan de sa. Ezayi te wè So sa a pandye la a. Trè byen.

Se poutèt sa, tout moun sou latè pèdi kouraj, kè yo kase!

328 Kisa Jezi te di? “E paske pral gen anpil mechanste, lanmou anpil moun va pi plis lè sa a.” “Gen moun k’ap mouri tèlman y’ap pè; lanmè ap gwonde.” Ou wè, kè lèzòm pral endispoze.

Y’ap rete konsa, yo pral gen doulè ak lakranp nan tout kò yo. Yo pral tòde tankou fanm ansent ki gen tranche. Yonn ap gade lòt san di krik, y’ap rete ak je yo louvri byen tèlman y’a wont.

329 Remake l isi a, o: “figi yo, yon wont.” Nou dwe rive nan sa, jis on minit. M pral kenbe sa, ou wè.

Jou Seyè a ap rive. Seyè a ap san pitye, l’ap fè gwo kòlè, l’ap move anpil. L’ap fè tè a tounen yon dezè, l’ap disparèt dènye moun k’ap fè sa ki mal!

330 “Tè a,” se tout nan li, nan li nou wè. Remake.

Tout grenn zetwal nan syèl la, tout zetwal Oryon yo p’ap klere ankò. Solèy la ap tou nwa lè li leve, lalin lan menm p’ap klere ankò.

*Mwen pral fè dezolasyon tonbe sou tout latè poutèt mechanste moun yo ap fè.
Mwen pral pini tout mechan yo poutèt fòfè y'ap fè yo. Mwen pral kraze awo-...*

331 M-m pa konn kijan pou m eple l, awo-...[Asanble di: "Awogans."—Editè a.] M pa ka di l, ou wè.

...kraze lògèy tout moun k'ap gonfle lestonmak yo tout mechan-mechan k'ap peze moun anba pye yo.

332 Ou wè, la a, jis egzakteman, Ezayi te wè menm bagay ke Jezi te pale a. Ke Setyèm So an revele. Lè L ap netwaye tè a ak tribilasyon, sa se peryòd Tribilasyon an, Sixyèm So sa a. Wi, li t on pwofèt, e yo te fè l konnen Pawòl Bondye a. Sa se demil sètisan zan de sa.

333 Vrèman! M jis vle di sa. Lemonn antye, tankou Ezayi isi a, "tankou yon fanm ki gen tranche," tout kreyasyon ap gen tranche. Pou kisa tout jemisman sa a ak tout tranche sa a? Tankou yon-yon-yon fanm ki dwe vin manman; latè a limenm, lanati.

334 Pouki, vil sa a isi a, ann pran pwòp vil nou an; lè, ba pou byè, ak pwositisyon, ak malpwòpte, ak pouriti, tankou nenpòt lòt vil!

335 Pouki, m kwè Bondye ta pito gade l nan fason L te genyen l, sa fè mil an. Lè Ohio te pase la a, yo pat g okenn ma dlo ni inondasyon. Yo pat g okenn peche nan platon an. Bizon t ap pase isi a, epi-epi vye Cherokee a t ap chase l epi te mennen bak li byen. Pat g okenn pwoblèm, ditou.

336 Men, lòm antre, men kote peche antre. Lè lèzòm kòmanse miltipliye sou fas latè a, lè sa a peche ak vyolans te tabli. Se vre, toujou lòm. Pouki, m panse s on wont!

337 M te kanpe, lòt jou a, nan peyi kote m rete a la a, kounye a nan Arizona. Epi- m-m te li, lè m t on timoun, sou Geronimo, epi-epi Cochise, ak ansyen Apach sa yo. Paske, m te preche pou yo anwo la a. Moun debyen! e kèk nan moun ki pi debyen nou vle rankontre, se Endyen Apach sa yo.

338 Epi apres a m t al lòtbò la a nan-nan Tombstone, kote yo gen tout vye relik yo ak bagay ki sot nan lagè. Epi m te gade...Yo toujou, nou konnen, yo te toujou klase Geronimo tankou-tankou yon rebèl. Pou mwen, li t on Ameriken djanm tout bon. Absoliman! Li te sèlman ap goumen pou dwa l, tankou nenpòt moun tap fè. Li pat vle polisyon sa a nan peyi l. E gade sa l ye kounye a, ap vire pitit li yo, pitit fi l yo, an pwostitye, ak tout lòt bagay; epi lèzòm blan antre la a. Lòm blan s on bandi.

339 Endyen an se t on konsèvatè. Li t on-li t on-on moun k ap defann anviwònman an. Li tap soti epi touye yon bizon, tout tribi a manje tout bagay ki te rete ladan l. Yo te sèvi ak po an pou rad ak tant, epi tout lòt bagay. Epi lòm blan vin tire sou li, pou on sib; pouki, se tèlman yon wont!

340 M te li yon atik nan jounal la, kote, an Afrik, gran kote sa a ki plen ak jibye sovaj! Yo gen mesye sa yo, Arthur Gidfrey ak sila yo, ki pral lòtbò a, ap tire elefan ak bagay sa yo, pandan yo sou elikoptè ak bagay kon sa. Yon foto on vye elefan femèl k ap eseye mouri, ak dlo nan je, tankou k ap koule nan figi l. Epi de gwo mal ap eseye kenbe l, pou kenbe...Pouki, s on peche. Sa se pa espò.

341 Lè m kanpe deyò nan chan an deyò lòtbò an, e kote m al lachas epi bagay kon sa, epi wè kote chasè blan sa yo soti deyò la a epi tire sèf sa yo, epi jis koupe on katye dèyè l. E pafwa touye uit oswa dis ti bich, epi kite yo lonje la a. Epi bebe sèf yo ap kouri nan viwonn lan, ap eseye jwenn manman yo. Epi w vle di sa se lespri espòtif? Sa se asasinay pi, nan liv pa m lan.

342 M espere, tank m ap viv, Canada pap janm gen wout anndan, pou kenbe Ameriken rebèl sa yo deyò la a. Se vre. Yo se espòtif ki pi mal m te janm wè nan vi m.

343 Bon, pa tout nan yo. Gen kèk vrè mesye, otantik, men se youn sou mil, nou jwenn.

344 Tire sou nenpòt bagay yo ka wè, nenpòt fason yo vle. Se vre. Sa s on asasen Se vre. Li san kè. Epi l tire, san se pa sezon an.

345 Ebyen, anwo la a nan Alaska la a, m te anwo la a ak youn nan gid sa yo. Li te di: "M te ranmase...M tap soti la a kounye a, epi jwenn twoup antye de gran gwo elan sa yo oswa...pa elan, men oriyal lonje la a; ak bal mitrayèt kalib senkant nan kòn yo, kote pilòt Ameriken sa yo deyò la a, nan Alaska, ap mitraye, etan nan avyon sa a, yon twoupo oriyal." Sa se asasinay pi.

346 Yo te konnen, kèlkeswa kote yo touye bizon an, yo te ka pran Endyen an. Li tap mouri grangou. Se pou rezon sa a Cochise la te dwe rann tèt li; pa l, tout prens li yo, ak tout rès nan yo, pitit li yo, ak tout pèp li, yo t ap mouri grangou. Yo te soti la a ak gwo, gran gwo kantite nan yo, Buffalo Bill ak moun plenn sa yo, epi tire sou tout bizon sa yo, karant, senkant, nan apremidi an. Yo konnen, lè yo te debarase de sa, yo te debarase de Endyen an. O la la! Yon tach sou drapo an, fason yo te trete Endyen sa yo. Men nou.

347 Men sonje, Bib la te di: “Lè a vini ke Bondye pral detwi sila yo ki detwi latè.” E lemonn antye!

348 Gade platon sa yo. M te kanpe anwo la a, lòt jou an, ap gade anba nan platon Phoenix. Te monte sou Mòn Sid, madanm lan avè m te chita anwo la a, epi te gad anba nan Phoenix. Epi m te di: “Èske sa pa tèrib?”

Li te di: “Tèrib? Kisa w vle di?”

349 M te di: “Peché a. E konbyen adiltè, ak bwè, ak joure, ak sèvi ak Non Seyè a anven, nan platon sa a la a; ak apeprè sankarant, senkant mil moun, oswa petèt desan mil moun, nan platon sa a!”

350 M te di: “Senksan zan de sa, oswa mil, pat g anyen ke rakèt, bayawonn, ak vye kòyòt k ap kouri epi desann nan sab larivyè a la a, ti kouwan dlo yo-yo.” Epi m te di: “Se fason sa Bondye te fè l.”

351 Men, lòm vin rive. Kisa l te fè? Li te satire tè a ak salte. Lari yo chaje ak salte. Egou yo,...Epi rivyè yo polye ak--ak salte. Yo pat kapab...Ebyen, ou ta fè mye pa bwè yon gout nan kèk nan dlo sa a; ou ka atrape nenpòt bagay. Ou wè? Gade l. Non sèlman isi a, men, nan lemonn antye, bagay la polye.

352 Epi lemonn, lanati, (ke Bondye gen pitye!) lemonn antye nan--nan doulè akouchman. Lemonn ap eseye, li gen “tranche,” Ezayi te di. Kisa ki genyen? Li nan...ap eseye bay nesans a yon nouvo mond, pou Milenyòm lan, kote tout...?...Eseye bay nesans a yon nouvo mond, pou yon nouvo pèp ki p ap peche e ki p ap mete polisyon ladann. Se vre. Li gen tranche. Se pou rezon sa a...Nou gen tranche, Kris, pou bay nesans a Lepouz la. Tout bagay gen tranche epi ap jemi. Ou wè, gen yon bagay ki pral rive.

353 E Sizyèm Fleyo sa lese l ale. Frè, tranbleman tè eklate l, epi zetwal yo sekwe, vòlkan pral eklate, epi tè a pral renouvle tèt li. Nouvo lav pral soti nan sant tè a. Li va efondre tout kote epi toupatou epi toupatou, lè l va tounen anwon laba.

354 E m ap di nou, yon maten lè Jezi ak Lepouz Li va retounen sou tè a, va gen yon paradi Bondye la. Sa, o, o la la, vye ansyen sòlda lagè sa yo, va mache la ak zanmi yo ak byenneme yo. Kantik yo va ranpli lè a, ak yon lame Anjèlik. “O, ou te byen fè, bon sèvitè fidèl Mwen an.” Antre nan jwa Seyè a, ki te prepare pou ou, kòm ou te dwe genyen l anvan ke Èv te konmanse fè balon an woule nan peche.” Amèn! Fyou! Wi.

355 Sizyèm So a pral fè yon bagay. Wi, mesye. Vrèman lemonn antye ap jemi epi ap souffri, pou laj Milenyòm lan!

356 Kounye a, sa kounye a, li tèlman tranpe nan salte! Se sa m preche isi a, pa gen lontan de sa, m kwè ke m preche l nan tabènak la, *Mond lan Ap Tonbe*. Se egzakteman sa. Gade sa kap tonbe nan mond lan. Gade, tout bagay ap tonbe la a. Sètènman. Fòk li-fòk li tonbe. Wi, msye.

357 Gade, estrikti li! Kite m montre nou poukisa mond lan dwe fè l. Estrikti mond sa a, fè a, ak kwiv la, e materyèl tè sa a, yo vin ekstrè yo de li, estrikti li, pou lagè ak endistri, jiskaske l pare... Eben, nou potko janm gen tranbleman tè jiska lòt jou a, la a nan pati sa nan peyi a ; jis lòt jou a la a, nou wè, St-Louis e nan zòn sa a. Li vin tèlman mens. Yo ekstrè tout bagay ki te andedan l. Nou wè?

358 Politik li yo tèlman polye, li di pou jwenn youn ki onèt nan mitan yo, wè, sistèm li. Moralite li tèlman ba, li jis pa gen okenn. Se tou. Nou wè? Sètènman. Relijyon li pouri. Wi, msye.

359 Trè byento, li lè pou Sizyèm So a louvri. Epi lè l fè l, oh lala, se fini! Epouz la deja soti, li deja... Rèn lan deja al pran pozisyon L; Li te marye kounye a, ak Wa a, pandan ke sa tap pase. E rès Izrayèl la sele e pare pou pati, e apre lanati dechennen. Oh, ala on tan!

360 Remake dènye vèsè Sizyèm So a, louvri. Sa yo ki te ri predikasyon Pawòl la, Pawòl Bondye vivan ki konfime; lè pwofèt sa yo te kanpe la ap fè mirak, yo te fèmen solèy la, ak tout lòt bagay, atravè laj la. Nou wè: “Yo tap rele pou wòch yo ak montay yo kache yo,” nou wè, pou kache yo de Pawòl la ke yo te pase nan tenten, paske yo wè L kap vini. “Kache nou de kòlè Ayo a.” Li se Pawòl la. Nou wè? Yo te ri de Pawòl la. E la a, Pawòl la te enkane. E yo te pase L nan tenten; yo te ri de yo, te pase yo nan tenten. E Pawòl enkane a te tonbe devan yo!

361 Poukisa yo pat repanti? Yo pat kapab. Li te twò ta, lè a. Alò, yo te konnen ke, pinisyon an. Yo tande Li. Yo te chita nan reyinyon tankou sa a, e yo te konnen L. E yo te konnen ke bagay pwofèt sa yo te predi, tap gade yo nan figi, bagay la ke yo te rejte. Yo te meprize mizèrikòd la pou dènye fwa.

362 E lè ou meprize mizèrikòd, pa ganyen ki rete ke jijman. Lè ou meprize mizèrikòd; jis panse a sa.

363 E yo te la. Yo pat gen kote pou ale, okenn refij. E Bib la di la a: “Yo tap mande...yo tap kriye wòch yo ak montay yo, pou, ‘Tonbe sou nou, kache nou de-de figi... e de kòlè Ayo a.’”

Yo te eseye repanti, men Ayo a te vin reklame Pa L yo, nou wè. E yo te kriye a woch la ak montay la. Yo te priye, men priyè yo te vin twò ta.

364 Frè m, sè, bonte Bondye ak mizerikòd Li te ofri bay moun yo. Tandè ke, Izrayèl te avegle pou sa, pou isi a, jis apeprè demil an, pou ban nou yon chans pou repanti. Èske w rejte mizerikòd sa a? Èske w fè sa? Èske w rejte Sa?

365 Kimoun ou ye, tout jan? Kote w te soti? E kote w prale? Ou pa ta ka mande doktè a, ou pa ta ka mande pèsòn nan mond lan, e pa g okenn liv ou ta ka li, ki te ka di w kimoun ou ye, kote w soti, ak kisa w pral ye, ke Liv sa a.

366 Kounye a, nou konnen, san w pa gen San Ayo an pou aji nan plas ou, ou wè ki kote ou prale. Kidonk, si-si Bondye te fè sa pou ou, pi piti bagay nou te ka fè se tap asepte sa L te fè. Se tout sa L mande nou pou n fè.

367 E sou baz sa a, si m al pi lwen, m ap gen pou vin dwat nan Fleyo sa a, tout sa, sèvis demen swa an. E kounye a m pa ka fè l, pa ka al pi lwen. M genyen l ki make la a, yon kwa, “kanpe isi a,” ou wè. Kidonk, lè sa a, m-m dwe tann jouk demen.

Kounye a ann koube tèt nou jis on moman.

368 Si nou pat, zanmi presye m yo, pat-pat asepte lanmou Bondye sa a ke m ap pale a! Si nou pat fè l...Koute sa byen kounye a. Si n pat asepte lanmou L ak mizèrikòd Li, n ap gen pou sipòte jijman L yo ak kòlè Li.

369 Kounye a, aswè a, nou nan menm plas kote Adan ak Èv te ye nan jaden Edenn lan. Nou g on dwa. Nou s on ajan lib abit. Nou ka al nan Pyebwa Lavi an, oswa nou ka pran plan Jijman an. Men, jodi a, pandan nou sansib nan bon lespri nou, e nou gen lasante ase pou-pou n kanpe epi asepte l, poukisa n pa fè sa si n pat fè l.

370 Èske gen moun sa yo anndan isi a, ki potko fè sa? Si se konsa, èske nou ta vle jis leve men nou anlè? Di: “Priye pou mwen, Frè Branham. M vle fè l kounye a. M pa vle sa vini.” Kounye a sonje, zanmi...Bondye beni nou. Se byen. M gen...

371 Sa yo se pa lide pa m sou Sa. Mwen--mwen...Sa se pa sa ke m t ap panse; sa soti ansanm nan mwen. Alò ede m, Sentespri a konn sa. E ret tann, si Seyè a vle, demen swa, m vle montre nou yon mistè ki te la depi lontan, isit la menm nan reyinyon an. Mwen doute anpil si nou janm wè l oswa non, ou wè, sa k--sa k te pran plas. Se yon bagay ki layite la drèt devan nou. E mwen te obsève, chak swa, sa, pou l manifeste, pou yon moun ka di: “Mwen wè l.” Ou wè?

372 Pa rejte Sa a, tanpri, m mande nou; si ou pa Kretyen, si ou-ou anba San an, si ou pa ne de nouvo, ranpli ak Sentespri.

373 Si nou pat janm fè yon konfesyon an piblik de-de Jezikri, pa batize nan Non Li, pou temwaye lanmò Li, antèman L ak rezirèksyon Li, ke n te asepte, dlo an pare. Y ap tann. Yo bay rad anndan isi a, epi tout bagay pare.

374 Kris kanpe tou pare, ak men L ki detire, pou resevwa nou. Nan inèdtan apati de kounye a, mizèrikòd sa a ta ka pa rive jwenn ou. Nou ta ka detounen l pou dènye fwa; li pap janm touche kè nou ankò. Pandan nou kapab, pandan nou kapab, poukisa nou pa fè l? Kounye a, pandan...

375 M konnen fason abityèl la, koutim lan, se pou mennen moun yo sou lotèl la. Nou fè sa, e li trè bon. Nan moman an, nou tèlman anpil isi a, toutotou lotèl la, ke m pap ka fè sa.

376 Men m ta renmen di sa. Nan jou apostolik la, yo di: "Otan moun ki te kwè te batize." Ou wè? Jis si nou ka, reyèlman, nan fon kè nou! Men tout sa l ye. Se pa-se pa emosyon, menm si emosyon akonpaye li. Jis tankou m te di, fimen ak bwè se pa peche; se atribi peche; sa monte nou pa kwè. Ou wè? Men lè nou vrèman kwè nan kè nou, epi nou konnen ke sou baz, kote nou chita la a, nou asepte l ak tout kè nou, yon bagay pral rive la a menm. Li pral rive.

377 Apresa nou ka kanpe kòm yon temwen pou li, ke yon bagay te rive. Apresa mache al nan dlo a, di: "M vle montre Asanble an, m vle pwouve, m vle fè temwayaj mwen kanpe, ke m ap pran plas mwen ak Epouz la. M kanpe isi a kounyena pou m batize."

378 Mwen konnen ke gen anpil fanm nan mond lan aswè a, fanm debyen, men m tris anpil pou m wè youn. Gen youn nan yo ki se madanm mwen. L al lakay avè m. Li pat madanm mwen, pou kòmanse; men kijan l vin madanm mwen, li te pran non m.

379 L ap vini. Gen anpil fanm, legliz, nan mond lan, men L ap vin pou Madanm Li. Li rele pa Non Li. "Sila yo ki nan Kris, Bondye pral mennen yo avè L." Kijan n antre nan Sa? "Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl Kò."

380 Kounye a antan n ap priye, priye, tou. Andedan oswa deyò, gen dè gwoup moun nan sal yo, deyò, kanpe nan viwonn lan, deyò nan lari yo. Men kounye a pandan-pandan nou se...Nou pa rele nou isi a nan lotèl la. Men, kè nou, fè l se lotèl la. E dwat nan kè nou, di: "Seyè Jezi, mwen kwè Sa. M te kanpe deyò isi a nan lè aswè a. M t ap toufe, nan ti sal sa a. M chita isi a, nan mitan moun sa yo. Mwen-m-m-m-m pa vle pou m...M pa ka rate; m pa ka pèmèt tèt mwen sa."

381 Tout bagay, jan m te di nou yè swa, e, kidonk ede m, Seyè a konnen m di Laverite. “M pa bay manti,” jan Pòl te di. Vizyon sa a, oswa kèlkeswa sa l t ye a; m te kanpe la a, te gade, epi te manyen moun sa yo ki te mouri, jis reyèl menm jan m kanpe isi a menm. Pa rate l, pòv frè m ak sè m; pa fè sa. M konnen nou te tandè predikasyon, nou te tandè, *sesi, sela*, ak dè istwa, tout sa. Men kite...Jis koute. Pou mwen, sa se...M konnen se Laverite, ou wè. Nou jis...Mwen-m pa ka fè l pi klè, ou wè. Pa rate l. Tout pou nou.

Kounye a ann priye.

382 Seyè Jezi, men devan m lan yon bwat mouchwa ki reprezante moun malad. Antan m priye sou yo, lonje men sou yo, tankou Bib la te di: “Yo te pran mouchwa ak twal, sot nan kò Pòl, move lespri te soti nan moun yo, epi gran siy te fèt.”

383 Paske, yo te wè Pòl, ke yo te konnen ke Lespri Bondye te nan li. Yo konnen ke l te-li te yon nonm etranj, ke, bagay ke l te pale yo, sou Pawòl la. Li ta pral pran ansyen pawòl Ebre a de legliz Ebre a, epi mennen lavi nan li, epi plase l nan Kris. Yo te konnen Bondye te nan nonm lan. Apresa yo te wè Bondye k ap travay yon jan etranj epi fè dè zèv pwisan pa li, ap di davans dè bagay e sa ta pral rive fason sa a, e yo konnen ke l te sèvitè Bondye.

384 Seyè, m priye ke W va onore moun sa yo pou respè yo pou Pawòl la, epi geri yo pou Jezi. Deyò isi a nan oditwa a, Seyè, g on pèp ki chita, jis tankou sa te ye ki te koute apot Pyè nan Jou Pannkot la. Kijan l te tounen al nan Pawòl la, epi te konprann Pawòl la! Epi l te di: “Jowèl te di, nan dènye jou yo bagay sa yo t ap rive. E Sa se sa a.” Epi twamil yo te kwè L, e yo te batize.

385 E, Papa, jodi a nou kanpe isi a pa gras Ou. E se pa paske-ke s on pèp espesyal, men se paske (jis tankou jou lyon an, oswa towò a, oswa nonm lan) se tan zèg la. Se onksyon lè a. Se tan ke n ap viv ladan lan. Se travay Sentespri a pou yon tan patikilye, pou pwouve ke Jezi pa mouri. Bagay ke L te di ke L tap fè yo jis anvan Limyè aswè yo te soti, e men nou t ap wè L fè sa isi a, dwat desann lonje sou wout la. Nou te wè L desann nan rechèch syantifik epi te pran foto L; gran Kolòn Dife a Ki te kondwi timoun Izrayèl yo; Ki te rankontre Pòl sou wout la.

386 E nou konnen, Kolòn Dife sa a ki te kondwi Moyiz anba la a nan dezè a, pa menm Kolòn Dife sa a li te ekri plizyè Liv nan Bib lan, paske l te wenn ak Pawòl la.

387 Kolòn Dife sa a nan vini sou Pòl, sou wout Damas la, li te ekri plizyè Liv nan Bib la, te rele Pawòl Bondye a.

388 E kounye a, Seyè, menm Kolòn Dife sa a, pa evidans prèv Pawòl la, e pa rechèch syantifik, nou wè L isi a ap revele Pawòl Seyè a.

389 Bondye, kite pèp la leve rapid, Seyè, rapid! Sila yo ki gen non yo ki mete nan Liv Lavi a; lè Sa a flache sou chimen yo, ke yo wè. Tankou ti fanm, move repitasyon an, nan pi a jou sa a, te rekonèt byen rapid, epi l te konnen Se te Lekriti.

390 E kounye a, Papa, m priyeke tout sa k va resevwa W nan moman sa a, nan kè yo, pral regle sa pou tout tan, nan lè sa a, ke yo fini ak peche; ki pral leve epi fè preparasyon pou konfèsyon piblik, de batèm nan Non Jezikri, pou remèt peche yo; pou montre ke yo kwè ke Bondye te padone yo, e yo pran Non Jezikri.

391 Apresa, Papa, vide Sentespri an, de Lwil, sou yo, konsa yo ta ka plase nan sèvis Seyè Bondye a, ke yo ta ka vin dè ouvrye nan dènnye jou, mechan sa a, paske nou reyalize nou jis gen yon tan kout. E Legliz la ta ka pati nenpòt lè.

392 Ayo a te ka, nan nenpòt lè, kite sanktyè a anlè La a, oswa Twòn sakrifis la, soti nan Twòn Bondye a kote sakrifis la lonje, epi apresa se fini; pa gen lespwa ankò pou mond lan; li fini. Apresa l al nan ajitasyon, de gwo latranblay tranblemandtè, epi-epi gwo sekous tankou sa te ye nan rezirèksyon an. Epi-epi, l-l...

393 Menm jan Kris te leve vivan sot nan tonm lan, lè sen yo leve vivan, menm bagay la pral pase. Seyè, li te ka nan nenpòt lè. N ap tann jou kè kontan sa a rive.

394 Pran pitit Ou anba bra W, Papa, kounye a. Atire ti ayo W yo nan lestomak Ou. Akòde l. Epi nourri yo ak Pawòl la, jouk yo vin djanm pou sèvis. Nou remèt yo ba Ou kounye a, Seyè. Reponn priyè sa a.

395 Ou te di, Papa, la a nan Mak, chapit 11 lan: “Lè nou lapriyè, kanpe priye, kwè ke nou resevwa sa nou mande a, epi nou va genyen l.”

396 E ak tout kè m ba Limenm ki t ap revele bagay sa yo desann atravè lane yo, ak So sa yo isi a nan dènnye semèn sa yo; mwen kwè W, Seyè Bondye, ke se lè a, toupre kounye a, pi pre pase nou vrèman ap panse, de pwoche W.

397 Tanpri kite priyè m jwenn repons. E ke chak pitit Bondye ki jwenn apèl, ki nan distans pou tande de isi a, osinon kasèt la va frape, ke nan moman sa a...Mwen reklame yo pou Wayòm Bondye a, sou baz konnen ke sa a se Pawòl k ap revele. Kite Limyè aswè a klere, Papa. M remèt yo ba Ou, nan Non Jezi. Amèn.

398 Kounye a, tout, andedan oswa deyò, ki kwè, e ki pat janm fè konfesyon piblik nou-nou, ki nou fini ak peche; e nou-nou vle mizèrikòd Bondye yo, epi nou te asepte yo nan Jezikri. Basen an...Y ap pare pou batize nenpòt moun ki vle batize, jodi a oswa demen, touswit oswa kèlkeswa lè sa ka ye.

399 Èske nou jwi Sizyèm So an? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Nou wè kote L louvri kounye a? [“Amèn.”] Èske n te kwè L? [“Amèn.”]

400 Li te di: “Kimoun ki te kwè sa nou pale a? E bay kimoun bra Seyè a te revele?” Ou wè? Kwè sa k pale a, apres a bra Seyè a revele. Bra a, Pawòl Bondye a, revele.

401 Si Seyè a vle kounye a, demen maten, m ap eseye fè tout sa m kapab pou reponn kesyon sa yo. M ap pase petèt rès nwit la, epi, oswa pi fò ladan l, nan lapriye, sou yo. M pran apeprè de inè a twazèdtan pa nwit. M pat janm pran kabann nan nwit lan jouk nan inè, epi a twazè m t ap etidye. Ou wè? Ou wè?

402 M pral gen pou m reponn pou sa. Se vre. Nou twò pre pou nenpòt bagay, nenpòt tenten, oswa nenpòt sipozisyon, oswa kwè a demi. M dwe wè l, an premye. Epi apre, lè m wè l, li dwe nan Pawòl la, tou. E jiskaprezan, pa gras Bondye, yo te pafètman. M te pran l nèt ale ladann, nou konn sa, e l-l te mele dwat ansanm.

403 Li dwe MEN SA SEYÈ A DI. Paske, se pa pou di L sèlman tankou on bagay ke m konnen mwenmenm, men Pawòl Bondye a se MEN SA SEYÈ A DI. E men Pawòl la, map pran sa L ban mwen, epi konbine L ansanm epi ap montre nou. Kidonk nou konnen, noumenm, se MEN SA SEYÈ A DI. Ou wè?

404 Men Pawòl la, di sa. Epi apre revelasyon ke L ban mwen, ki kontrè ak sa nenpòt nan nou te janm panse; pouki, kontrè ak sa m te panse, paske m pat janm antre ladan L kon sa. Men kounye a, nou jwenn, li glise dwat ansanm. E kisa L ye? Se MEN SA SEYÈ A DI. Ou wè? Se egzakteman. Se te yon kote ki louvri, ap kenbe la a, pou lè sa a, epi apre Seyè an vini epi pouse L antre dwat kon sa. Kidonk, nou wè, men Li. Li, Se-se Seyè an. O, m renmen Li! M renmen L ak tout kè m.

405 Kounye a sonje, nou...Nou pat ka al nan lotèl la. Plizyè kenbe men yo anlè. Kounye, ou wè, s on zafè endividyèl, avèk nou. Se kèlkeswa sa n vle fè a. Ou wè?

406 Lè a tèlman pwòch, nou ta dwe ap pouse otan ke n ta kapab, pa pou yo ta rale nou. Ou wè, jis ap pouse, ap eseye antre: “Seyè, pa kite m deyò. Pa kite m deyò, Seyè. Pòt yo ap fenmen; si m k jis antre!” Ou wè?

407 Bondye pral fenmen pòt la yon jou. Li te fè l nan epòk Noye, e yo frape sou pòt la. [Frè Branham frape sou lestrad la plizyè fwa—Editè a.] Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”]

408 Kounye a sonje, Bib lan te di, ke: “Nan setyèm vèy la.” Se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Dòmi te pran kèk nan premye vèy la, dezyèm, twazyèm, katryèm, senkyèm, sizyèm, setyèm. Men, nan setyèm vèy la, men yon anons vini, yon rèl: “Lemarye vini! Soti vin rankontre L.”

409 Vyèj ki t ap dòmi yo te di: “Ey, m ta renmen gen enpe nan Lwil sa a kounye a.”

410 Epouz la te di: “M jis gen ase pou tèt mwen; jis gen ase. Si nou vle L, al lapriye pou Li.”

411 Èske n pa wè vyèj k ap dòmi an kounye a? Gade Episkopalyen, Presbiteryen, Literyen yo, ak tout bagay, ap eseye. E pwoblèm lan ladan l se, pase pou yo eseye gen Sentespri an, y ap eseye pale an lang.

412 E anpil nan yo pale an lang, e wont vini nan legliz sa a pou yo priye pou li; vle m vini lakay yo epi priye pou yo. Nou rele sa Sentespri a? Sa se pale an lang, men pa Sentespri an. Ou wè?

413 Kounye a, m kwè Sentespri a pale an lang. Nou konnen m kwè sa, ou wè. Men g on imitasyon de Li, tou. Wi, mesye. Fwi Lespri yo-yo, sa k pwouve sa L ye. Fwi pyebwa a pwouve ki kalite pyebwa li ye. Pa ekòs bwa a; fwi an!

414 Kounye a remake, apres, lè l vini, dènye lè sa a-sa a. E la a, lè yo antre, apres yo t ale epi di: “Ebyen, m kwè m genyen L kounye a. M kwè m genyen L. Ya, n ap genyen L.”

415 Mwen-m-m ta pito pa di sa, ou wè, paske sa ta ka lakòz yon konfizyon. Lè m te di lòt jou a, Anlèyman an, kijan L tap vini, mwen-mwen...Kounye a, si n di nou-n ap pran l, dakò. [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Gade. Gade. Trè byen, sa depann de ou.

416 Lè vyèj k ap dòmi an, ou wè, ki te panse yo priye pou li, pou l vini, Epouz la te fin pati. Li t ale, e l pat konn sa; tankou yon vòlè lannwit. Apres yo kòmanse frape nan pòt yo. E kisa k te rive? Sa k te pase? Yo te jete yo nan peryòd Tribilasyon an. Bib la te di: “Pral gen kriye, ak rèl, ak manje dan.” Èske se vre?

417 Kilè sa pral ye, frè, sè, m pa konnen. Men, mwen-mwen, mwenmen, sa ka jis mwenmenm isi a, kounye a, ou wè. Sa, se sa ki...Sa se panse pa m. Ou wè? Mwen-m-m kwè li sitèlman pre, mwen-m se...Chak jou m-m vle...m ap eseye mache dousman otan m kapab. Ou wè? E kounye a lè, nou konnen, lè l...

418 Yon bagay te rive jodi a, epi m te wè yon bagay k ap monte. Mwen-m jis...M pat ka pran souf mwen ankò, ou wè. Men L te la a, kanpe la a, ti Limyè sa a kanpe la a menm. E men L te isi a. M konnen se Laverite.

419 M te panse: "O Bondye, m pat ka di sa. M-m pa ka di sa. M pa kapab." M te jis mache soti nan sal la, te soti, te mache monte desann. Frè, m te panse: "O la la! Kisa m ka fè? O!" Ou wè? E m-m dwe al lapèch, oswa yon bagay, oswa mwen...Gason, ou ta...ou...m pa ka di nou. Ou wè?

420 Kifè, nou gon bon moman. Pa vre? Lwanj pou Seyè a! Amèn! Ou wè? Nou nan yon-nou nan yon moman ekstraòdinè, ou wè, paske kè m debòde ak kè kontan ak lajwa.

421 Men lè m panse a mond sa a ak dè milye ke m konnen ki pèdi, kouvri ak lonbraj nwa, hum, alò kè w jis senyen. "Kisa w ka fè? Kisa w ka fè?" Ou jis santi Sentespri a ap rele, nan kè w. Tankou sa dwe te ye nan Seyè nou an, lè L te gade Jerizalèm, Pwòp pèp Li, ou wè, te di: "Jerizalèm, Jerizalèm, konbyen fwa M ta vle kouve w, tankou yon poul ta vle pou pitit li yo, men w pat vle." Ou jis santi Sentespri a di: "Konbyen fwa M ta vle rasanble w, ou wè, men ou pat vle." Ou wè?

422 Nou se, nou isi a menm nan yon bagay, zanmi. Kèlkeswa sa l ye a, Bondye konnen. Pèsòn, pèsòn pa konn kilè sa pral rive. Sa s on sekre. Pèsòn pa konn kilè sa pral rive.

423 Men Jezi te di nou: "Lè nou wè bagay sa yo, tout bagay sa yo." Jis tankou sa m te fè, nan konpare Sizyèm So an, ak sa L te di nan Matye 24. Kounye a sonje kisa L te di: "Lè nou wè bagay sa yo vini, kòmanse rive, alò lè a nan pòt la." Gade pwochen vèsè a menm, 30 lan-vèsè 30 lan ak 31 antan sa te kontinye desann, vèsè 32, 33.

424 Li te di: "E L va voye zanj Li yo nan kat kwen syèl la, nan kat van yo, pou sanble Eli L yo." Èske se vre?

Te di: "Kounye a aprann yon..."

425 Kounye a sonje, Li te rete la a menm. Li pat janm avanse, apre Sizyèm So sa a. Li pat janm di anyen sou Setyèm lan. Li te di Premye an, Dezyèm, Twazyèm, Katryèm, Senkyèm, ak Sizyèm. Men L te kanpe la a, pat janm mansyone apeprè anyen sou Li.

426 Gade pwochen bagay Li te di: "Kounye a aprann yon parabòl." Ou wè? Alò Li kòmanse yon parabòl. Li te di: "Bagay sa yo pral la."

427 L ap reponn yo twa kesyon. "Kisa ki pral...siy sa yo? E kisa k pral siy Vini W lan? Kisa k pral siy lan, de fen mond lan?"

428 E Sizyèm Lan, la a, se te lafen mond lan. E son setyèm anj lan..."Te leve men l yo, epi te fè sèman pa Limenm ki viv pou tout tan ak tout tan, ke pa va gen tan ankò." Latè a ap akouche yon nouvo. Se fini.

429 E men nou isi a, isi a menm nan pòt lan. O, m tranble. "E kisa m dwe fè, Seyè? Kisa-ki lòt bagay m ka fè?" Ou wè? Epi, apres, jis panse a wè kote sa a ak presye moun sa yo! M te kanpe la a, ap gade tèt mwen. Epi m te panse: "O Bondye, poukisa, yo-yo pa ka rate sa a. M-m-m ta dwe pouse yo. M ta dwe jis lonje desann nan oditwa a epi pran yo, epi pouse." Ou pa ka fè sa. Ou...

430 "E pèsòn pa ka vini eksepte si Papa M atire l." Men isi a se yon konsolasyon nou genyen: "Tout sa Papa a ban Mwen ap vini."

431 Men rès ladan yo, ak òganizasyon sa yo, ap depann de yo kon sa, ou wè. "E li te twonpe tout sa ki te viv sou, ki te abite sou latè a, ke non yo pat ekri nan Liv Lavi Ayo sa a, ke yo te touye depi nan fondasyon mond lan." O la la! Kidonk, nou wè, s on bagay tris.

432 Sèl bagay ou ka fè se jis-jis-jis-jis rete dwat ak Pawòl la. Gade jis kèlkeswa sa L di fè a, epi apre fè sa. Ou wè? Kèlkeswa sa L di fè a; fè sa.

433 Epi gade la a, epi di: "O la la! Yo fè si, apres...O!" Se jis...

434 Nou pa reyalize ki tansyon! Kounye a m vle di sa. M sipoze kasèt yo sispann woule. Anpil moun di: "Frè Branham, ak yon ministè kalite sa a..." (M dwe veve, paske moun yo jis pran kasèt yo epi jis eseye mete yo an myèt moso, nou konnen.) Kidonk lè yo di: "Frè Branham, nou swete g on ministè," nou pa konn kisa n ap di. Noumenm, franchman, nou pa konn kisa ki ale ak, frè, sè. O la la! Ak responsablite an, lè w gen moun ki pandye nan sa w di! Sonje, si n di yo on bagay ki pa vre, Bondye pral mande san yo nan men w. Alò, panse a sa. S on bagay tèrib.

435 Kidonk, se pou emab. Renmen Jezi ak tout kè nou. Jis swi-...Se pou n senp. Pa janm eseye-eseye rezoud anyen. Se pou n jis senp, devan Bondye. Paske, plis nou eseye rezoud, plis nou pral lwen li. Ou wè? Jis kwè L senpleman.

Di: "Kounye a, ebyen, kilè L ap vini?"

436 Si L vini jodi a, trè byen. Si L vini nan ventan apati de kounye a, sa toujou trè byen. M ap jis al fason m prale kounye a, ap swiv li. "Seyè, si W ka sèvi avè m nenpòt kote, men mwen, Seyè." Si se nan santan apati de jodi a, si pitit-pitit-pitit-pitit-pitit mwen toujou viv pou wè l ap vini, kite..."Seyè, m pa konn kilè sa pral ye, men kite m jis mache dwat jodi a, jis avè

W.” Ou wè? M-m vle...Paske, m-m ap leve nan jou sa a, jis tankou m te fè yon ti kabicha yon kote.

437 Ap desann la a, palè glorye sa a lòtbò a, Wayòm Bondye sa a la a, kote tout vye granmoun pral jenn, kote rad blan ap deja mete! Gason ak fanm yo te chanje nan yon bote, zèv atis la menm de yon-de yon-yon bèl gason ak yon-yon bèl fanm! Ap kanpe la a nan tout bote ak tout grandè yon jenn fanmm ak yon jenn gason, kanpe la a! E pa ka janm vin vye granmoun, pa ka janm plen ak peche, pa ka janm pou anyen nan jalouzi, oswa rayisab, oswa anyen! O la la!

438 M panse kasèt yo sispann woule kounye a. E m-m jis gen apeprè twa oswa kat minit. M vle pale avè nou. Èske sa kòrèk? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Kounye a, sa jis pèsònèl, ou wè. Paske, demen, mwen-mwen...Sa pral sitèlman ekstraòdinè! M panse pito m ta jis di l kounye a, ou wè, sa m pral di a. Mwen... Sa se jis pou nou kounye a. M te jis...

439 Nou konnen, m-m g on madanm ke m renmen, E se Meda. E m-m pa tap menm marye avè l, poutèt lanmou m pou premye madanm mwen. E poutan, pou afeksyon m sitèlman gen pou li, m-m pa t ap marye avè l si se pat Bondye ki te di m fè l. E nou konn istwa l la; kijan l t al lapriyè, epi kijan m te fè. Epi apres a Li te di m egzakteman kisa pou m fè, epi: “Al, marye avè l,” ak moman egzak pou m fè l. E li s on fanm adorab. E l ap lapriyè pou mwen aswè a. E kidonk kounye a li uitè, lakay la, li petèt ap lapriyè kounye a.

440 Kounye a remake. Yon jou li te di m, li te di: “Bill,” li te di: “M jis vle poze w on kesyon sou Syèl la.”

M di: “Dakò, Meda, kisa l ye?”

Li di: “Ou konnen m renmen w.”

441 Epi m di: “Ya.” Se te touswit apre sa te rive anwo isi a.

Li te di: “Ou konnen ke Hope te renmen w, tou.”

M di: “Ya.”

442 Epi l di: “Kounye a,” li di: “M pa panse m tap jalouz,” li di, “men Hope te jalouz.” Epi l di: “Kounye a, lè n rive nan Syèl la...Epi w te di w te wè l la a.”

443 M di: “Li te la. M te wè l. M te wè l de fwa, la a.” Li la. L ap tann mwen vini. Se konsa ke...Se konsa Sharon ap tann mwen. M te wè l, jis menm jan m ap gade w. M te wè l la a. Epi m di...

444 Li di: "Ebyen, kounye a, lè n rive lòtbò la a," di: "kilès ki pral madanm ou?"

445 M di: "Nou toude. Pap gen okenn, ou wè, poutan nou toude ta pral sa."

Li di: "M pa ka konprann sa."

446 M di: "Kounye a, cheri, chita, kite m eksplike w yon bagay." M di: "Kounye a, m konnen w renmen m, e ou konn kijan m renmen w, ak respè ak lonè. Kounye a, pa egzantp, e si m te abiye, te desann anba lavil; epi kèk ti pwostitye, vrèman bèl, epi vini epi voye bra l nan kou m, epi di: 'O, Frè Branham, m renmen w sèten,' kòmanse mete bra l nan kou m epi ap vlope m. Kisa w tap panse?"

Li di: "M pa panse m tap twò renmen sa."

447 Epi m di: "M vle mande w on bagay. Èske w...Kisa w pi renmen, si sa ta dwe yon konfrontasyon, mwenmenm oubyen Seyè Jezikri a?" Kounye a, sa se jis fanmi, k ap pale.

448 Epi l di: "Seyè Jezi a." Di: "Wi, Bill, otan m renmen w, men, anvan m t ap ba l vag, m t ap ba w vag."

449 M di: "Mèsi, cheri. M kontan tandè w di sa kounye a." M di: "Kounye a, e si menm ti fanm sa a ta vin jwenn Jezi epi voye bra l nan kou l, di: 'Jezi, m renmen W,' kisa w tap panse de sa?"

Li di: "M tap pran plezi nan sa."

450 Ou wè, sa chanje sot nan fileyo al nan agapao. Ou wè, se yon Lanmou ki pi wo. Ou wè? E pa gen bagay tankou madanm ak mouche, tankou...epi leve timoun. Tout fini, sèks femèl la-la ak sèks mal. Tout glann yo...Yo tout se menm lan, la a, Ou wè? Pa g okenn ladan l, ankò. Ou wè, Pa gen okenn glann seks ditou, ditou menm. Ou wè? Ou jis l...Wi, mesye. Jis panse a tèt ou san yon glann sèks. Rezon yo te mete yo nan ou se pou repeple latè, nou wè. Men, La a, pap gen okenn La a. Pap gen ni glann mal ni glann femèl. Non.

451 Men grandè travay atis Bondye a pral la a. Se egzakteman vre. Men nou pral vrèman otantik. Pa-pa fileyo, ditou; tout agapao. Ou wè? Kidonk, yon madanm pa tap plis pase jis yon bagay adorab ki-ki pou ou, epi l...Nou youn pou lòt. Pa gen bagay tankou yon...Non, non, sa pa menm...Ou wè?, pati fileyo a pa menm la a ditou. Ou wè, pa ka g anyen tankou yon jalouzi; anyen pou fè jalouzi pou li. Pa g okenn bagay konsa la a. Nou pa janm konn on bagay konsa. Ou wè? E jis yon jenn gason ak yon jenn fanm adorab, pou viv.

Epi, apre, li te di: "M wè l kounye a, Bill."

M te di: “Ya.”

452 M vle di nou on ti bagay ki te rive. Sa se t on rèv. M t ap dòmi. E m pat janm di sa an piblik anvan. M te di kèk moun sa, men jamè an piblik anvan, selon sa m konnen.

453 M-m te reve, apeprè yon mwa apre sa, ke m te kanpe, yon jou, epi m t ap gade gran moman ke...Pa jijman an, kounye a. M pa kwè Legliz la janm vini nan, (m vle di: Epouz la), al nan yon jijman. Men, m te la a lè yo te bay kouwòn yo, ou wè. Ak gran-gran gwo Twòn la ki te enstale *isi a*. E Jezi ak Zanj k ap anrejistre an, ak tout, te kanpe la a. E te g on eskalye, tankou, ki desann nan direksyon sa a, koulè blan ivwa; desann an won, te fè yon peyizaj kon sa, epi te soti, konsa gwo foul sa a ki kanpe deyò la a te ka wè sa k t ap pase.

454 Epi m tap kanpe dèyè a, dèyè nèt sou on bò. M te jis kanpe la a, pa janm g on lide m tap gen pou m mache sou mach sa yo. M te kanpe la a. M tap wè...

455 Zanj k ap anrejistre an t ap rele yon sèten non; epi m tap konnen, rekonèt non sa a. M te gade, epi dèyè nèt deyò la a, men frè an vini, ap mache ak on sè, te mache vin sou ou, kon sa. Zanj k ap anrejistre a te kanpe la a sou kote Kris la, (jis on rèv kounye a), epi m tap gade. Epi non yo te la a, yo te jwenn li nan Liv Lavi an; Li tap gade yo, epi di: “Sa te-sa te byen fèt, bon sèvitè fidèl Mwen. Kounye a antre.”

456 M te gade dèyè, kote yo ta prale. Te g on nouvo mond, ak lajwa yo. Epi m te di: “Antre nan lajwa Seyè an, sa te-sa te pou nou depi nan fondasyon mond lan.” Ou wè? E, o, m te panse...Yo ta prale la a, epi ap rankontre youn lòt, epi jis ap rejwi, epi a pral nan mòn yo epi gran gwo kote.

457 Men m te panse: “O, èske sa pa mèveye! Glwa! Alelouya!” Jis ap sote ponpe!

458 Apresa m tap tandè yo rele yon lòt non. M panse: “O, m konnen I. M konnen I. Mwen...Men, Men I al, la a.” Gade I kon sa.

“Antre nan lajwa Seyè a, bon ak pa M lan...”

“O, m tap di: “Iwanj pou Bondye! Lwanj pou Bondye!”

Jis di, pa egzanp, tankou yo di: “Orman Neville,” ou wè.

459 Epi apre m tap di: “Sa se ansyen Frè Neville. Men li.” Ou wè? Epi men I vini, sot nan foul la, monte.

460 Kounye a Li di: “Antre nan lajwa Seyè a, sa te pare pou nou depi anvan fondasyon mond lan. Antre.” Epi ansyen Frè Neville jis chanje, epi jis kòmanse dèyè anndan la a, jis ap rele epi ap ranni.

461 Gason, m jis rele epi di: “Glwa pou Bondye!” Kanpe bò isi a pou kò m, g on moman mèveye, ap gade frè m lan antre.

462 Epi yon Zanj k ap anrejistre kanpe la a, epi te di: “William Branham.”

463 M pat janm panse m tap mache nan sa a. Kidonk apres a m te pè. M te panse: “O la la! Èske m ap dwe fè sa?” Kidonk m t al mache desann la a. E jis tout moun tap tape m sou... [Frè Branham bay egzanp nan bay tèt li tap plizyè fwa—Editè a.] “Allo, Frè Branham! Bondye beni ou, Frè Branham!” Ap tape m antan m ap pase la a, nan yon gran gwo foul moun. Epi yo tout ap lonje la a epi tape m kon sa. [Frè Branham bay egzanp nan tape kò l/bay tèt li tap plizyè fwa.] “Bondye beni w, frè! Bondye beni w, frè!”

464 M ta prale. M te di: “Mèsi. Mèsi. Mèsi.” Tankou ap sot nan yon reyinyon, oswa yon bagay, nou konnen.

465 E m t ap dwe mache nan gran gwo mach ivwa sa yo. M te kòmanse ap mache monte la a. Epi jis antan m te fè premye mach la, m te kanpe. Epi m te panse...M te gade figi L. M te panse: “M vle byen gade nan direksyon sa a.” Epi m te kanpe.

466 M te gen men m kon sa. M te santi yon bagay glise nan bra m *isi* a. Se te bra yon lòt moun. M te vire gade, epi men Hope te kanpe la a; gwo je nwa sa yo, epi cheve nwa sa a pandye jouk nan do l, rad blan sou li; ap gade m kon sa. M te di: “Hope!”

467 M te santi yon bagay frape bra sa a. Te vire gade, epi men Meda te la a; je fonsa sa yo ap gade, epi cheve nwa sa a lage anba, yon rad blan sou li. Epi m te di: “Meda!”

468 Epi yo te gade youn lòt, nou konnen, kon sa. Yo te...M te genyen yo nan bra m, epi men nou t ale isi a, ap mache al Lakay.

469 M te leve. O, m te leve. Epi m-m te leve epi te chita nan yon chèz, epi te kriye, nou konnen. M te panse: “O Bondye, m swete sa vini kon sa.” Toude te asosye avè m nan lavi, epi t ap fè pitit, ak dè bagay kon sa; epi men nou isi a, ap mache nan nouvo mond lan, o la la, kote pèfeksyon ak tout bagay. Non, anyen...

470 O, sa pral yon bagay mèveye! Pa rate l. Pa rate l. Pa gras Bondye, fè tout sa n ka fè, epi sa pral depann de Bondye pou okipe rès la lè sa a.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te rache sali mwen

Sou Kalvè...

471 Ann chante l ankò, ak tout kè nou. Kounye a leve je nou bay Bondye.

Mwen renmen Li

472 [Frè Branham kite lestrad la epi priye pou on madanm, antan asanble an chante *Mwen Renmen Li* yon fwa ankò—Editè a.]

...renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

473 Trè byen, kounye a. Li pat espere viv jouk nan fen reyinyon an. Se vre. Men li, toude men l anlè, ap louwe Bondye. Se pou rezon sa a m t ap trennen isi a pandan lontan; pa di nou sa m fè. M tap pale sou Meda avè yo. Epi m tap gade sa, pou wè sa...M te ret ap remake Limyè sa k ap fè wonn ale vini, epi t ale epi te pandye sou tèt li. M te panse: "Se sa." O, èske sa pa mèveye? [Asanble rejwi—Editè a.]

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li te renmen m an premye

E te rachte sali mwen

Sou bwa Kalvè a.

474 Kounye a, ak kè nou [Frè Branham kòmanse ap fredone *Mwen Renmen Li*—Editè a.] jis panse ak bonte Li ak mizèrikòd Li.

...Mwen renmen Li (Amèn!)

...Li te renmen an premye...

475 Kounye a wè kijan sa a pi bon? Amèn! Se sa. Kounye a...?...Ale epi pou w geri. Amèn! Gras Bondye a te parèt pou ou, pou geri w. Amèn.

...sou bwa Kalvè a.

O, glwa pou Bondye!

Mwen renmen Li,...

Dakò, pastè nou an.

Mwen...

476 [Yon moun di: “Frè Branham, demen kòmanse a nevè edmi?”—Editè a.] Nèf minit anvan nevè edmi. Nevè, yon kote anndan isi a. [“Aprè dejene? Nevè?”] Kòmanse a nevè. M ap kòmanse a nevè edmi.